ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№88 (21.996) ● 2011 гъэм накъыгъэм (майм) и 18, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу щыIэм и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ щыIэ уполномоченнэу гъэувын **Уэгъуз Светланэ Адэлджэрий и пхъур**.
2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм накъыгъэм и 13-м
№75-УП

Сабийхэм я къыщхьэщыжакIуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ щыIэ уполномоченнэу ягъэуващ Уэгъуз Светланэ.

«УРЫСЕЙ Федерацэм и Президентым и деж сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу щыIэм и IуэхукIэ» УФ-м и Президентым къыдигъэкIа Указыр гъэзэщIэн мурадкIэ икIи сабийхэм я хуитыныгъэхэмрэ абыхэм я сэбэп зыхэлъхэмрэ нэхъ тэмэму хъума хъун папщIэ мы къулыкъур КъБР-м 2009 гъэм къыщызэрагъэпэщауэ щытащ. Сабийхэм я къыщхьэщыжакIуэм хуитыныгъэ иIэщ езым и щхьэкIэ е зыхуэфащэ къэрал органхэмрэ абыхэм къулыкъу щызыIыгъ цIыхухэмрэ щIыгъуу КъБР-м и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэр е абыхэм къулыкъу щызыIыгъ цIыхухэр къипщытэну. Абыхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм (е зэрымылажьэм) пыщIауэ сабийм и хуитыныгъэхэр къызэпауду къилъытэмэ, сабийм и къыщхьэщыжакIуэм абыхэм тхауэ ярет апхуэдэ ныкъусаныгъэхэр гъэзэкIуэжынымкIэ чэнджэщхэр.

Республикэм и Президентым и деж сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу щыIэ Уэгъуз Светланэ Адэлджэрий и пхъум Ростов цIыхубэ хозяйствэмкIэ институтыр, УФ-м и Президентым и деж къэрал къулыкъумкIэ щыIэ Урысей академиер къиухащ. ТхылъымпIэ лъапIэхэмрэ фондовэ рынокымкIэ Адыгэ Республикэм и комиссэм и унафэщIым и къуэдзэу, Адыгэ Республикэм къэрал мылъкумкIэ и министрым и къуэдзэу, УФ-м Къэрал мылъкумкIэ и министерствэм и ЩIыналъэ управленэу Адыгэ Республикэм щыIэм и унафэщIу лэжьащ. ЭкономикэщIэныгъэхэм я кандидатщ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и экономистщ.

ТОЛАСОВЭ Екатеринэ,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ.

Бэрокъуэ Хь.-А. Б. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юрист» цIэ лъапIэр фIэщыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Законым зэрытетымрэ хабзэр зэрагъэзащIэмрэ гъэбыдэнымкIэ бгъэдэлъ фIыщIэм папщIэ икIи илъэс куэд лъандэрэ дагъуэншэу зэрылажьэм къыхэкIыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юрист» цIэ лъапIэр фIэщын **Бэрокъуэ Хьэсэн-Алий БетIал и къуэм** - уэчылхэм я «Бэрокъуэмрэ и лэжьэгъухэмрэ» коллегием и тхьэмадэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм накъыгъэм и 16-м
№77-УП

●Зыужьыныгъэ

Къэрал Думэм и УнафэщI ГРЫЗЛОВ Борис:

Пщэдейм нобэ щIедзэ

Иужь мазитIым сэ къэралым и щIыналъэ куэдым сыщыIащ. Урысейм пщэдей къыхуэщхьэпэну лэжьыгъэшхуэ щекIуэкI IуэхущIапIэхэр слъэгъуащ.

Сахуэзащ 2020 гъэм нэсыху тещIыхьа «Стратегие» зыужьыныгъэр, къэралым и ефIэкIуэныгъэр зэлъыта цIыху куэд дыдэм - еджагъэшхуэхэм, къэхутакIуэхэм, хьэрычэтыщIэхэм, Iуэхузехьэхэм, студентхэм, егъэджакIуэхэм. Ахэр зэхъуэкIыныгъэм тепсэлъыхьыркъым - ар езыхэм я гупсысэхэмрэ IуэхухэмкIэ пхагъэкI.

Апхуэдэу дызэкъуэмытмэ, дэ ди гупсысэ нэхъыфI дыдэхэри псыхэкIуадэ хъунущ.

Зи гугъу тщIыр щIыпIэ псоми лэжьыгъэ жыджэрагъыр къыщыIэтынырщ. Къыхалъхьэ языныкъуэ гупсысэхэр иджырей хабзэхэм тету пхагъэкIыфынущ, адрейхэм гъуэгу иратын папщIэ хабзэщIэхэр ягъэувын хуейщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, Къэрал Думэм парламент нэхъыбапIэр щызыIыгъхэми, Урысей хабзэгъэувхэм я ассамблееми я пащхьэм къалэнышIэхэр къоувэ.



АкъылыфIэхэм гъуэгу етын

Властымрэ щIэныгъэ IэнатIэмрэ щыIэ бюрократием пхимыгъэкI къэхутэныгъэхэм гъуэгу етын хуейщ. Сыт хуэдэ щIыкIэкIэ?

Абы папщIэ мы зэманым Москваи, Санкт-Петербурги, нэгъуэщI къалэшхуэхэми я еджапIэ, щIэныгъэ IуэхущIапIэ инхэм эксперт советхэр къыщызэрагъэпэщ. Абыхэм я къалэнщ къэхутэныгъэщIэхэм гъуэгу иратыну.

Советхэр хэплъэнущ къыхалъхьа Iуэху минхэм. Абыхэм къыхахынур нэхъ мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэ къэхутэныгъэхэу пщIыхэрщ. ИужькIэ а советхэр елэжьынущ апхуэдэ гупсысэхэр пхыгъэкIыным.

Мылъкум и закъуэкъым

ИпэжыпIэкIэ насыпыр зэлъытар ахъшэркъым, хэбгъэзыхьмэ, ахъшэу уиIэр зыхуэдизыркъым. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, инновацэ Iуэхухэр зэфIэбгъэкIыфынукъым инвестицэхэм хэбгъахъуэ къудейкIэ. АтIэ сыт хуэдэ инновацэ Iуэхухэра ди зыужьыныгъэр зытетщIыхьынур?

Эксперт советхэм я мызакъуэу, езы щIыналъэхэми къалъыхъуэн хуейщ я зыужьыныгъэм егъэщIылIа къалэнхэр зэрызэфIагъэкIыну Iэмалхэр. ЩIыналъэ фондхэр инновацэ гупсысэхэу щэхэм хоплъэ, арщхьэкIэ абыхэм пхрагъэкIыфыр языныкъуэ проектхэрщ. Апхуэдэ проектым Iэджэ пыщIащ - ахэр пхыгъэкIыным, гъэзэщIэным мылъкушхуэ токIуадэ. Хэт тегушхуэнур апхуэдиз ахъшэ игъэкIуэдыну? АрщхьэкIэ жэрдэмхэм гъуэгу ирамыту хъунукъым. Урысейм щыяпэу апхуэдэ щапхъэ къигъэлъэгъуащ Тверь и «Старт-ап» фондым. Абы зы дэтхэнэ гупсысэ тэмэмри пхыгъэкIыным сом мелуаным нэс хуеутIыпщ.

Гугъуехьхэр мащIэкъым

Инновацэхэм я гъуэгум утехьэну тыншкъым. Ар экономикэм къытохьэлъэ. ЩIэм фейдэуэ къитынур зыхуэдизыр къагурыбгъэIуэну гугъущ. Заводхэр хуейкъым абыхэм къару трагъэкIуэдэну. Аращи, инновацэхэм япыщIа къалэнхэр зэфIагъэкIыным щыщIадзэн хуейр технопаркхэрщ.

Абы и лъэныкъуэкIэ Новосибирск и технопаркым щапхъэ гъуэзэджэ къегъэлъагъуэ. Мыбы сыт хуэдэ техникэ лIэужьыгъуэри иджырей дыдэ IэмэпсымэхэмкIэ щагъэхьэзырыф. Абы и фIыгъэкIэ къэхутакIуэхэм езыхэм къыхалъхьа гупсысэхэм я Iэужьхэр ялъагъужыф.

ЩIыналъэхэм я технопарк, инновацэ центр псоми я унафэщIхэр мэтхьэусыхэ лэжьыгъэм кууэ хэзыщIыкI IэщIагъэлIхэр къазэремэщIэкIым папщIэ. АрщхьэкIэ Нижегородскэ областым щыIэ «Система Саров» щIалэгъуалэ инновацэ центрым апхуэдэ IэщIагъэлIхэр куэду щагъэхьэзыр.

НыбжьыщIэхэм ядэIэпыкъун

ЩIалэгъуалэр зэхъуэкIыныгъэхэм, щIэм тету лэжьэным нэхъ жыджэру хашэн, абы трагъэгушхуэн хуейщ.

Урысейм вуз 1500-рэ щыIэщ. Абыхэм ящыщу 600-р къэралым ейщ. Ар къаруушхуэщ. Къащта Федеральнэ закон №217-м ипкъ иткIэ, студентхэм ахъшэ къалэжьыфынущ лабораторэхэмрэ кафедрэхэмрэ къыщIэмыкIыу. АрщхьэкIэ къалэжьыркъым, а хабзэр зэрагъэуврэ илъэс етIуанэр екIуэкIми. Вузхэм я апхуэдэ IуэхущIапIэхэр зэкIэ 700 хуэдиз хъууэ аращ. Сэ сызэреплъымкIэ, абыхэм я бжыгъэр мини 10 и кIэ къихуэн хуеякъым.

Ар зи ягъэри езы студентхэм я закъуэкъым. Япэрауэ, дэ дгъэуващ вузхэм къыщызэIуах IуэхущIапIэ цIыкIухэм лъэщапIэхэр нэхъ тыншу хухахын хуейуэ. АрщхьэкIэ зэкIэ абы хуиту гъуэгу игъуэтыркъым. ЕтIуанэрауэ, а IуэхущIапIэ мыинхэм лэжьыгъэр тэмэму щызэтеухуэн хуейщ.

ЩIыналъэхэм щезгъэкIуэкIа зэIущIэ псоми къыщыхэдгъэщащ инновацэ лэжьыгъэм жыджэру зегъэужьын зэрыхуейр. Депутатхэри лъэныкъуэкIэ щытынукъым. Къэрал Думэм мыгувэу щыхэплъэнущ «Инновацэ лэжьыгъэр къэралым диIыгъыным и IуэхукIэ» законопроектым. Абы мы IэнатIэм зэхъуэкIыныгъэ инхэр хилъхьэнущ.

Дауи, гъащIэм зэпымыууэ къегъэув IуэхугъуэщIэхэр. Абыхэм дахуэхьэзыру щытын хуейщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щызэхэтащ КъБР-м щрагъэкIуэкI къэрал лъэпкъ политикэм и концепцэм и проектым зыщытепсэлъыхьа зэIущIэшхуэ. Абы кърихьэлIащ республикэм и Парламентым и депутатхэр, КъБР-м и Президентым и Администрацэм и лэжьакIуэхэр, лъэпкъ-щэнхабзэ центрхэм я унафэщIхэр, политологхэр.

●КъБР-м и Парламентым

ЦIыхубэм и зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным хуаунэтI

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и япэ къуэдзэ **Жаным Руслан** зэрыжиIамкIэ, мы проектыр зэхалъхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм социально-экономикэ, щэнхабзэ зыужьыныгъэ нэс ягъуэтынымкIэ Iэмалхэр къызэрагъэпэщын папщIэ. Документым лъабжьэ хуэхъуащ республикэм ис лъэпкъхэм я тхыдэ-щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр.

КъБР-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ **Къуэшырокъуэ Залым** къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ илъэсищэ Iэджэ лъандэрэ зэщIыгъуу псэу лъэпкъхэр зэныбжьэгъу, зэгъунэгъу нэс зэрызэхуэхъуар, абыхэм яку зэгурыIуэныгъэрэ зэдэлэжьэныгъэрэ зэрыдэлъыр. «Языныкъуэхэм лъэпкъхэр зэщагъэIеину зэрыхущIэкъум зыри къикIынукъым. Республикэм исхэм щахэупщIыхьым жаIахэм ятепщIыхьмэ, абыхэм къалъытэркъым лъэпкъ зэхущытыкIэхэр республикэм щыIэ гугъуехь нэхъыщхьэхэм ящыщу», - къыхигъэщхьэхукIащ Къуэшырокъуэ Залым.

ЗэIущIэр зытеухуауэ щыта концепцэм еубзыху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрагъэкIуэкI къэрал лъэпкъ политикэм и мурадхэмрэ къалэн нэхъыщхьэхэмрэ, дэтхэнэ лъэпкъми зиужьын папщIэ Iэмал нэхъыфIхэр къыхуэзгъэпэщынымкIэ хэкIыпIэхэр. Къэпсэлъахэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, лъэпкъ зыужьыныгъэм пыщIа къалэнхэр гъэзэщIэным и лъэныкъуэкIэ мы документыр гъуазэ яхуэхъун хуейщ властым и IэнатIэхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм. Аращ лъабжьэу щытыпхъэр къэрал лъэпкъ политикэр пхыгъэкIыным хуэунэтIа проект, программэ хэхахэр убзыхунымкIэ.

ЗэIущIэм хэтахэм концепцэм и проектыр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр къыхалъхьащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я зыужьыныгъэр щэгъэхуэбжьэнымкIэ лэжьыпхъэхэм тепсэлъыхьащ.

Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ комитетым и унафэщI гупым ящыщ **Несутулов Виктор** зэрыжиIамкIэ, зэIущIэм къыщыхалъхьа Iуэхухэр къэлъытауэ концепцэм иджыри елэжьыжынущ икIи хэплъэн папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым хуагъэхьынущ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

●Бахъсэн куей

Фермерхэм я зэфIэкI

Бахъсэн районым Iэщышхуэу щызэрахуэм, нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ, процентi 4-кIэ, жэмхэм - 3-кIэ, мэлхэм процентi 4-кIэ, кхъуэхэм хуэдитхукIэ щыхэхъуащ мазищ кIуам кърикубыдэу. Мы зэманым фермерхэмрэ унагъуэхэмрэ Iэщышхуэу мин 35-рэ щаIыгъщ. Абы щыщу мин 15.200-р жэмщ.

ГЪЭМ зэрыщIидзэрэ лыуэ тонн 1760-рэ, гъэшу тонн 8500-рэ къалэжьащ. А бжыгъэхэр нэгъабэрейхэм нэхърэ, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу, процент 11-кIэ, процентi 10-кIэ нэхъыбэщ.

Джэдкъаз гъэхъуным хэпщIыкIыу зиужьащ. Зэи къэмыхъуауэ, куейм джэдыкIэу мелуани 5-рэ мин 963-рэ къыщрахащ, ар нэгъабэрейм процент 19-кIэ щIегъу.

«Конкурент», «Барисуль», «Токъмакъ» КФХ-хэр зэпIэзэрыту мэлажьэ. Къапщтэмэ, «Барисуль» мэкъумэшыщIэ-фермер хозяйствэм мазищым гъэшу тонни 166-рэ къыщашащ, лыуэ тонн 20 щрагъэщIащ. «Конкурент»-м а бжыгъэхэр шэмкIэ тонн 82-рэ, лымкIэ тонн 25-рэ щохъу.

- Япэ мазищыр хьарзынэу къетхьэлIащ, мы гъэм Iэщ гъэхъуным зегъэужьыным лъабжьэфI къыхузэдгъэпэщащ. Арами, дызыщыгугъхэр зэдгъэхъулIэн папщIэ, былымыр щIэпхауэ щаIыгъ зэманыр тэмэму и кIэм нэдгъэсын, сыткIи дыхуэщIауэ хъупIэхэм дихьэн хуейщ, - къигъэлъэгъуащ куейм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и IуэхущIапIэм и зоотехник нэхъыщхьэ Уэртэн Мухьэмэд.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

●Гу зылъытапхъэ

Газетхэмрэ журналхэмрэ къевгъэхьыну фыхуеймэ

Федеральнэ пощт связым и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм республикэм щыпсэухэр, организацэхэр, IуэхущIапIэхэр кърегъэблагъэ 2011 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм Iэ щIрагъэдзын папщIэ накъыгъэм и 12-м щегъэжьауэ накъыгъэм и 22-м нэсыху ирагъэкIуэкIыну махуипщI лэжьыгъэм хэтыну.

А лъэхъэнэм республикэм, къэралым къыщыдэкI газет, журнал щхьэхуэхэм я уасэм кIэрагъэхунущ.

«Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал IуэхущIапIэм и къудамэу КъБР-м щыIэр.

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Мазихым ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэпIейкIи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт IуэхущIапIэ псоми.

Ди индексыр 51531

ЩIалэгъуалэм я къэкIуэнум топсэлъыхь

●КъБР-м и Жылагъуэ палатэм

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и советым и зи чэзу зэIущIэ екIуэкIащ. Абы къыщыпсэлъащ ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэ политикэмрэ спортымкIэ комитетым и унафэщI, КъБКъУ-м и ректор Къарэмырзэ Барэсбий. Ар къытеувыIащ УФ-м и Жылагъуэ палатэмрэ щIыналъэхэм щыIэ апхуэдэ зэгухьэныгъэхэмрэ «ЦIыхубэмрэ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмрэ» Iуэхум зэрелэжьым теухуауэ Советым иригъэкIуэкIа зэIущIэм. Апхуэдэуи Къарэмырзэм и гугъу ищIащ «Урысейм и сабий, щIалэгъуалэ политикэм XXI лIэщIыгъуэм япэ щигъэщыпхъэхэр» зыфIаща Iуэхугъуэм УФ-м и Жылагъуэ палатэм и зи чэзу зэхуэсым зэрыщытепсэлъыхьами.

КЪАРЭМЫРЗЭМ къызэрыхигъэщамкIэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэр Урысей экономикэм и Iыхьэ нэхъ лъэщ дыдэу къыщалъытэ Москва икIи абы и щытыкIэм къегъэлъагъуэ жылагъуэм и псэукIэмрэ зэхъуэкIыныгъэхэм къапэкIуэ сэбэпынагъымрэ зыхуэдэр. ЖКХ-м и Iуэхутхьэбзэхэм цIыхухэм щIатыфынур зыхуэдизыр убзыхуауэ щытщ икIи абыхэм я уасэхэр зэрыдэкIуейм псэукIэр нэхъ мыхьэнэншэ ищIым и закъуэкъым, атIэ а ахъшэри къыпхухэхыркъым, Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъымкIэ мыарэзыхэм я бжыгъэми хохъуэ. ЖКХ IэнатIэр егъэфIэкIуэнымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ абы и Iуэхухэр зэкIэлъызыгъэкIуэфын, зи лэжьыгъэмкIэ жэуап нэс зыхьыфыну IэщIагъэлIхэр гъэсэным.

Урысейм щекIуэкI щIалэгъуалэ политикэм теухуауэ къэпсэлъахэм къыхагъэщащ зэчий зыбгъэдэлъ ныбжьыщIэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэр, апхуэдэуи сабий акъылыфIэхэр, еджэным тыншу ехъулIэхэр зыщIэс школхэм я мызакъуэу, еджапIэ нэхъ «лъэрымыхьхэми» бюджет мылъкукIэ защIэгъэкъуэныр Iэмал зимыIэу зэрыщытыр. Щхьэхуэу трагъэчыныхьащ ныбжьыщIэм и деж кIэ унагъуэм иIэ мыхьэнэр бгъэмащIэ зэрымыхъунум, сыту жыпIэмэ, щысабийм деж абы къыщыхалъхьэ гъэсэныгъэм елъытащ адэкIэ игъуэтыну щIэныгъэмрэ гъащIэм щиубыдыну увыпIэмрэ. КъищынэмыщIауэ къыхагъэщащ программэм и лей егъэджэныгъэри къэралым IэщIыб ищI зэрымыхъунур.

Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэщ къэралым и къэкIуэнур зейр, абы и зыужьыныгъэм и лъабжьэр икIи абы ипкъ иткIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ ныбжьыщIэхэм я Iуэху еплъыкIэр, я дуней тетыкIэр зыхуэдэр зэгъэщIэным. Фадэм, афияным дихьэххэм я бжыгъэм хэхъуэмэ, демографие щытыкIэр зэIигъэхьэнкIэ шынагъуэщ. Узыгъэгузавэщ мы бжыгъэхэр: балигъыпIэ имыувахэм я процент 80-р фадэ, процент 66-р тутын йофэ.

ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академием СоциологиемкIэ и институтым иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, илъэс 14-17 ныбжьым итхэм я процент 17-р тэмэму гъэсакъым, илъэс 18-20 ныбжьым итхэм я деж ахуэдэхэм я бжыгъэр процентi 8-м нэс къохуэхыж.

КъыхэгъэщыпхъэщбалигъыпIэ имыува ныбжьыщIэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ гъащIэм и купщIэу къалъытэм ущыгуфIыкI зэрыхъунур - класс нэхъыжьхэм щIэсхэм унагъуэ, лэжьыгъэ яIэныр, щIэныгъэ зрагъэгъуэтыныр, зэIузэпэщыгъэр нэхъыщхьэу къалъытэ. ЦIэрыIуэ, къулей хъуну щIэхъуэпсхэр куэд хъуркъым. НыбжьыщIийм ящыщу зырщ мылъку хэхыпIэ хуэхъуну хьэрычэт IэнатIэ къызэригъэпэщыныр зи хъуэпсапIэр. Нэхъыбэ дыдэм - процент 88-м - сабий яIэныр, лъагъуныгъэр зи лъабжьэ унагъуэ яухуэныр я мурадщ.

А бжыгъэхэм фIым дыщагъэгугъ щхьэкIэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, нэчыхь езыгъэтххэр нэхъ мащIэ мэхъу, зэбгъэдэкIыжхэм къахохъуэ.

Къэрал щIалэгъуалэ политикэ лъэщ зэхэплъхьэн папщIэ щытыкIэр кууэ джын, абы хэпщIыкIын хуейщ. А лэжьыгъэр къызэгъэпэщыныр и пщэ дилъхьэжыну хьэзырщ КъБКъУ-р. Абы папщIэ ягъэхьэзыра дэфтэрхэр утыку кърихьащ ректорым.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт, республикэм щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ХъуэкIуэн Мурат къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ ныбжьыщIэхэм я узыншагъэм кIэлъыплъын зэрыхуейр, абы папщIэ спорт утхэр нэхъыбэу къызэрызэгъэпэщыпхъэр.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ Тау Пщыкъан, зэIущIэм зи гугъу щащIахэр къызэщIикъуэжу, жиIащ щIалэгъуалэм ядэлэжьэнымкIэ мыхьэнэ зиIэ зы Iэмали благъэкI зэрымыхъунур, апхуэдэуи щIэблэм я узыншагъэр егъэфIэкIуэныр зыхузэфIэкIыну псори а лэжьыгъэм хыхьэну къыхуриджащ.

ХУЖЬ Наталье.

Къалэр гужьеят

РИА НОВОСТИ хъыбарегъащIэ IэнатIэм къызэритымкIэ, дыгъуасэ пщэдджыжьым Къэзахъстанымрэ Къыргъызымрэ я къэрал гъунапкъэхэр щызэпыхьэм хуэзэу щIыр щыхъеящ. Абы и лъэщагъыу щытащ балли 3,9-рэ. ЩIыхъейм и хъыбар къитащ Къэзахъстаным геофизическэ гъэунэхуныгъэхэмкIэ и институтми.

ЩIыхъейм и къежьапIэр Алматы и ипщэ-къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ километри 170-кIэ пэжыжьэу арат. ХэкIуэдаIауэ е унэхэр зэтекъутауэ хъыбар щыIэкъым.

Накъыгъэ мазэм къриубыдэу балли 3,2 - 5,5-рэ зи лъэщагъ щIыхъей зыбжанэ а щIыналъэм игъэунэхуащ. АрщхьэкIэ, къэралитIми я унафэщIхэм абыхэм ятеухуауэ хъыбар лъэпкъ къатыркъым. Аращ нэхъыбэу цIыхухэр зыгъэгужьеяри - Алматы щыпсэухэм я паспортхэмрэ я хьэпшыпхэмрэ яIэщIэлъу фэтэрхэм къыщIэжри, щIыбым нэху къыщекIахэщ. Абы и ужькIэщ МЧС-м щыжиIар зэман гъунэгъум щIыр ину хъеинкIэ шынагъуэ лъэпкъ зэрыщымыIэр.

Тегушхуэ зэпытщ

РИА НОВОСТИ хъыбарегъащIэ IэнатIэм къызэритымкIэ, дыгъуасэ пщэдджыжьым НАТО-м и вертолетхэр ракетэкIэ еуащ Пакистаным и ищхъэрэ-къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ къэрал гъунапкъэхъумэхэм щаIэ блокпостым. «Джио-ТВ» телеканалым къызэритымкIэ, Датта Хель куейм Пакистаным и къэрал гъунапкъэхъумэу тIу щыхэкIуэдащ.

Зы махуэ дэкIауэ арат США-м и сенатор Керри Джон Исламабад къызэрыкIуэрэ, къэралитIым я зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэжыным теухуауэ зэпсэлъэныгъэхэр зэхиублэн папщIэ. Ар къыщIэкIуар «Аль-Кайдэм» и Iэтащхьэ Усамэ бен Ладен яукIыныр я щхьэусыгъуэу, США-м и спецназыр къэралым зэрыраутIыпщхьар зэтриуIэфIэжын и мураду арауэ къалъытэ. Дауи, и щIыналъэм къакIуэу, хъыбари кърамыгъащIэу, хамэ къэралым и дзэм зыхуейр зэрилэжьар Пакистаным и гуапэ хъуакъым.

НАТО-м и вертолетхэр Пакистаным и дзэм зэкъым зэрыхэуар. Уеблэмэ, нэгъабэ и жэпуэгъуэм абы махуэ 11-кIэ зэхуищIын хуей хъуат Афганистаным щыIэ зауэлIхэм ерыскъыхэкI зэрыхуашэ гъуэгур. Абы щыгъуэ НАТО-м и авиацэр Пакистаным и къэрал гъунапкъэхъумэхэм къахэуэри зауэлIи 2 яукIат, 4 уIэгъэ ящIат.

Ар пэжу пIэрэ?

Ираным къэрал щIыб IуэхухэмкIэ и министерствэм дыгъуасэ къызэритамкIэ, абырэ Корее Ищхъэрэмрэ ящI баллистическэ ракетэхэм я технологиехэмкIэ зэхъуажэу жыхуаIэм пэж лъэпкъ хэлъкъым. Апхуэдэ хъыбарыр тхьэмахуэ кIуам игъэIуат «Рейтер» хъыбар егъащIэ IэнатIэм.

ООН-м и доклад щэхум щыщ пычыгъуэхэр и тегъэщIапIэу, «Рейтер» IэнатIэм зэритхымкIэ, а къэралитIыр я ядернэ къэхутэныгъэхэмкIэ зохъуажэ, Китайр къадэIэпыкъуурэ а Iуэхухэм ехьэлIа хъыбар псори зэIэпах.

АрщхьэкIэ, Ираным и МИД-м и лэжьакIуэ Менмахпараст Рамин зэрыжиIэмкIэ, Иранырищхьэр зыхуэпIыж къэрал щхьэхуитщ, ар хуэныкъуэкъым хамэщI къыщагупсыс технологиехэм.

КНДР-мрэ Иранымрэ ракетэхэр, спутник Iэмэпсымэхэр зэращIым псом япэ къигъэгузавэр Европэм и къухьэпIэмкIэ щыIэ къэралхэращ. Ахэр щошынэ ядернэ Iэщэрэ а Iэщэр жыжьэ нэзыхьэсыфын Iэмэпсымэрэ КНДР-ми Иранми яIэрыхьэным. Абы щыгъуэми, ядернэ Iэщэ зиIэ къэралыгъуэу зэрыщытыр Корее Ищхъэрэм къыжиIащ 2005 гъэм. Абы лъандэрэ къэхутэныгъэхэр иригъэкIуэкIыурэ тIэу ядернэ Iэщэ къигъэуащ.

НОБЭ

♦Туркменистаным и Конституцэм и махуэщ

♦Накъыгъэм и 18 - 21-хэм Берлин (Германие) щекIуэкIынущ Европэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я зэгухьэныгъэм (ЕАНА) я конференц.

♦Накъыгъэм и 18 - 21-хэм Варшавэ (Польшэ) щызэхэтынущ ЮНЕСКО-м и 4-нэ дунейпсо конференц.

♦1921 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Лъэпкъ музейр къызэIуахащ.

Дунейм и щытыкIэнур:
«meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкIэ, нобэ Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, хуабэу махуэм градус 22-рэ, жэщым - градус 15 щыIэнущ.

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар **ГЪУЩIО Зарифщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:
ЛIэщIыгъуэр илъэсищэракъым - Iуэхуищэращ.

● Ди зэпыщIэныгъэхэр

Мартынов Александр, Лещев Виктор, Къумахуэ Мухьэдин.
Сурэтыр КЪАРЕЙ Элинэ *трихащ.*

Сэлэтхэм я щапхъэр сэбэп къытхуохъу

Накъыгъэм и пэ махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхьэщIащ Ростов областым къикIа лIыкIуэхэр. А щIыналъэм и Мартыновскэ район администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Лещев Викторрэ щIыпIэ депутатхэм я зэхуэсым и унафэщIым и къуэдзэ, «Боевые рубежи» къэлъыхъуакIуэ клубым и Iэтащхьэ Мартынов Александррэ Налшык къригъэблэгъащ КъБР-м ЩIэнхабзэмкIэ и министерствэм.

ХЬЭЩIЭХЭР къызытекIухьа Iуэхум, апхуэдэуи 115-нэ шуувей дивизэм хэта зауэлIхэм ятеухуауэ нэтын «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м и унафэщI Къумахуэ Мухьэдин щигъэхьэзырым дэри дрихьэлIащ. Газете джэхэр щыдогъэгъуазэ республикэм къуэш хуэхъуа щIыналъэм къикIа хьэщIэхэм Къумахуэр зэрепсэлъылIам.

Къумахуэ Мухьэдин: Хуабжьу ди гуапэщ ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэм и пэ къихуэу фыкъызэрытхуеблэгъар. Сэ сыщыIащ Мартыновскэ районым, слъэгъуащ 115-нэ шуувей дивизэм хэтахэм я фэеплъым фызэрыхущытыр, кхъащхьэхэр зэрызефхьэр, абыхэм я лIыхъужьыгъэм пщIэ зэрыхуэфщIыр. ИкIи икъукIэ си гуапэщ сывбгъэдэсыну, сывдэуэршэрыну. Ди псалъэмакъыр дублэну сыхуейт нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрым фыкъэзыша Iуэхум и гугъу тщIынымкIэ.

Лещев Виктор: 115-нэ шуувей дивизэм хэта зауэлIхэм, хъыбарыншэу кIуэдахэм я цIэ-унэцIэхэр зэгъэщIэным, абыхэм зэрахьа лIыхъужьыгъэхэр хэIущIыIу щIыным, я хахуагъэм папщIэ къыхуагъэфэща дамыгъэ лъапIэхэр къэлъыхъуэжыным - кIэщIу жыпIэмэ, абыхэм я Iуэху зытетам и пэжыпIэр, дэфтэрхэр я лъабжьэу, зэфIэгъэувэжыным илъэс зыбжанэ хъуауэ елэжь къэлъыхъуакIуэ клуб диIэщ. Хуабжьу лэжьыгъэ гугъу, ауэ мыхьэнэшхуэ зиIэ иригъэкIуэкIащ Мартынов Александр зи пашэ а гупым. НобэкIэ къагъуэтыжахэр, зи цIэ-унэцIэхэр къащIахэр зэхэдгъэувэри, тхылъ щхьэхуэ дгъэхьэзыращ. ЗауэлI хахуэхэм я фэеплъу къыдэкIуэтей щIэблэм яIэщIэлъыну тхылъыр зыхуей хуэзауэ къыдэкIыныр нэхъ тфIэигъуэти, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэхэм делъэIуауэ щытащ, зэтемыхуэныгъэ, щыуагъэ гуэрхэр къыхэмыкIын хуэдэу зауэлIхэм я цIэ-унэцIэхэр иджыри зэ щIапщытыкIыжыну. Иджы КъБР-м ЩIэнхабзэмкIэ и министерствэм дыкъригъэблэгъащ, ахэр зэлэжьыжа тхылъри электроннэ теплъэ иIэу къыдатыжащ.

Къумахуэ Мухьэдин: Александр, уэ куэд щIауэ къэлъыхъуэныгъэ Iуэхум уззэрыхэтым сыщыгъуазэщ, фи гупым къихутэжыну зыхунэсари мащIэкъым. Нобэ ирихьэлIэу сыт зэхуэфхьэсыжа, адэкIэ сыт фи мурад?

Мартынов Александр: КъэлъыхъуэныгъэхэР едгъэкIуэкIыху дэ гъэщIэгъуэн куэд дрихьэлIащ. Уеблэмэ телъыджэ гуэрхэр къытхуэзыIуатэ дэфтэрхэр нобэми къыдогъуэтыж. Абыхэм ящыщщ Виктор зи гугъу ищIа тхылъыр. Ауэ сыкъызытеувыIэну сыхуейр 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуувей дивизэм и Iуэху зэрыхъуар зэхэзгъэкIыну езгъэкIуэкI къэлъыхъуэныгъэхэм зы упщIэ къызэрысхуагъэувырщ: сыт а шуудзэм и хъыбарыр иджыри къыздэсым лъэныкъуэкIэ ирагъэкIуэтэкIауэ къыщIекIуэкIыр, абы хэтахэм я лIыхъужьыгъэм хуэфащэ пщIэ щIыхуамыщIыр?

Нэхъыбэ къэсхутэху, сэ къызгурыIуар зыщ: Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм Кавказ Ищхъэрэр бийхэм щыхъума хъунымкIэ хуабжьу мыхьэнэшхуэ иIащ мы дивизэм. У мыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым, екIуэкI зауэм хуэфэщэн Iэщэ-фащэ ябгъэдэмылъу полкхэр бийхэм зэрапэщIэтыфар, къэзыухъуреихь фашистхэм къазэрыIэщIэкIыфар. Танкхэм ису къебгъэрыкIуэ нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм япэщIэтыфырт шуудзэр, щыдакъуза къэхъуами, къикIыфырт щытыкIэ хьэлъэхэм. Абыхэм къагъэлъэгъуа лIыгъэмрэ яхэлъа хахуагъэмрэ щыхьэт техъуэ куэд къэдгъуэтыжащ дэ. Сыт хуэдэ щытыкIэ ихуами, лъэпкъ зэхуэмыдэ куэдым щыщ зыхэта а дзэм я гур ягъэкIуэдакъым, щхьэмыгъазэу ипэкIэ кIуэта мыхъумэ. 115-нэ шуувей дивизэм и нэхъыбэр адыгэ, балъкъэр щIалэх эт, ауэ къыщIэдгъэщыжа дэфтэрхэр щыхьэт тохъуэ украини, белоруси, осетини, ингуши, урыси абы зэрыхэтам.

Къэлъыхъуэныгъэ лэжьыгъэхэр ди закъуэ къарукIэ тхузэфIэкIыну къыщIэкIынтэкъым Мартыновскэ район администрацэр къыддэмыIэпыкъуу щытамэ. Абыхэми фIыщIэ яхуэщIыпхъэщ.

Къумахуэ Мухьэдин: 115-нэ шуувей дивизэм теухуа щэхур сэтей къэщIын хуейщ. Псом нэхъ гуауэр абы хэтахэр зауэ къалэным хуэмыхьэзыр, абы и пIалъэ зымыщIэ щIалэщIэ защIэу зэрыщытаращ, япэ дыдэ зэхэуэми апхуэдэу Iуагъэхьат ахэр. АбыкIэ къуаншэр езы сэлэтхэракъым, атIэ абыхэм унафэ мыхъумыщIэ яхуэзыщIахэрщ. Шым тесу, сэшхуэ фIэкIа ямыIыгъыу фронтым ягъэкIуа сэлэтхэр гуэныхьтэкъэ? А щыуагъэм и зэранышхуэ екIащ шуудзэм хэта цIыху минхэми, абыхэм я унагъуэхэми, ар иджыри къыздэсым къошынэуэж а зауэм и уIэгъэ зытелъ нобэрей ветеранхэми...

Лещев Виктор: Дэ дощIэ ахэр зыкIи зэрымыкъуэншар. Сэ си ныбжьхэми нэхъыщIэхэми къагурыIуащ Мартыновкэ, Новониколаевкэ деж щекIуэкIа зэхэ уэхэм хэт ахэм лIыхъужьыгъэшхуэ зэрызэрахьар. Ар къаIуэтэж а зауэ гуащIэр зылъэгъуа ди нэхъыжьхэми, нобэ къагъуэтыжа дэфтэрхэми. Апхуэдэуи абыхэм я щыхьэт наIуэщ шуудзэм хэта куэдым я лIыхъужьыгъэм папщIэ къэрал дамыгъэхэр зэрыхуагъэфэщар. Дэ къыздэтхьащ архивхэм къыщагъуэтыжа, зауэлIхэм ирата дамыгъэхэм я щыхьэт тхылъхэр.

Мартынов Александр: Ди щIыпIэм щекIуэкIа зауэхэм папщIэ дамыгъэ лъапIэ зыхуагъэфэщауэ иджыри къыздэсым тщIэр политрук, майор Захаров Иван и закъуэт. АрщхьэкIэ, ЗыхъумэжыныгъэмкIэ министерствэм и архив хэхам дыщылъыхъуэурэ 115-нэ шуувей дивизэм хэтауэ къэрал дамыгъэхэр зыхуагъэфэща куэдым я дэфтэрхэр къэ дгъу этыжащ. Ахэри къыздэт-хьащи, телевиденэм и Iэмалхэр къэвгъэсэбэпу дыныволъэIу ветеранхэм е мыпсэужхэм я унагъуэхэм яIэрыхьэжарэ-яIэрымыхьэжарэ къэфщIэну.

Езыхэм зыщахъумэж, бийм къыщригъэкIуэт зэхэуэхэм хэтахэм апхуэдэ дамыгъэ щратыр закъуэтIакъуэххэт а лъэхъэнэм. Ауэ мис ари и зы щыхьэтщ зи гугъу тщIы шуудзэм 1942 гъэм къигъэлъэгъуа хахуагъэм.

Къумахуэ Мухьэдин: 115-нэ дивизэм хэтахэм я мызакъуэу, Хэк у зауэшхуэм лIыхъужьыгъэ щызезыхьахэм я фэеплъыр хъумэным теухуауэ лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI Мартыновскэ районым. Сэ сощIэ жэуаплыныгъэ ин зыпылъ апхуэдэ Iуэхухэм ныбжьыщIэхэри къызэрыхэфшэр, къыдэкIуэтей щIэблэр щапхъэфIхэм зэрыщIэфпIыкIыр. Сыт хуэдэу фадэлажьэрэ иджыпсту щIалэгъуалэм?

Лещев Виктор: Дэ къалэн нэхъыщхьэу зыхуэдгъэувыжхэм ящыщщ хэкупсэу, гъэсэныгъэ яхэлъу ди щIэблэр къэгъэтэджыныр. Абы ипкъ иткIэ едгъэкIуэкI лэжьыгъэхэм лъабжьэ яхуэхъур, школакIуэхэм щапхъэ зытрахыу диIэр 115-нэ шуувей дивизэм Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм зэрихьа лIыгъэрщ. Абыхэм къагъэлъэгъуа хахуагъэр зыгъэмащIэхэм сарителъхьэкъым сэ, сыту жыпIэмэ, дэфтэрхэм къах ощыж сэлэтхэр щхьэмыгъазэу бийм зэрыпэщIэтар, Сталинград зэрахъумар. Зы сыхьэтым къриубыдэу Сталинград щекIуэкIа зэхэуэхэр уи нэгу къыщIэбгъэхьэмэ, щхьэм къитIасэркъым 115-нэ шуудзэм абы теуэну зэрыпхъуакIуэхэр жэщиплI-махуиплIкIэ зэтраIыгъэфауэ зэрыщытар. Мыпхуэдэ зы щапхъи щыIэщ: Къуэшокъуэ Къаншумэс и унафэм щIэт шу гупыр и гъусэу фашистхэм я т анких икъу-тауэ щытащ. Абы щхьэкIи Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр къыфIащыну къагъэлъэгъуэгъащ. Мис апхуэдэхэм я фэеплъыр тщымыгъупщэн папщIэ Iуэхугъуэ зэхуэмыдэ куэд идогъэкIуэкI. Абыхэм я нэхъыщхьэр накъыгъэм и 8-м къызэдгъэпэщ зэIущIэрщ. Ар зытеухуар 115-нэ шуувей дивизэращ. Зэхуэсым хэтыр школакIуэхэм я закъуэкъым, атIэ къалэ зэхуэмыдэхэм дэт еджапIэхэм щIэс студентхэми, ди районым къыщыхъуа псоми зыкърагъэхьэлIэж абы. КIэщIу жыпIэмэ, къыдэкIуэтей щIэблэр худогъэIущ я цIыху хэтыкIэм, Iуэхум хуаIэ жэуаплыныгъэм, сэлэтхэм я сынхэм зэрыкIэлъыплъым мамырыгъэр тхуэзыхъума ди нэхъыжьхэм я фэеплъым пщIэ зэрыхуащIыр къызэригъэлъагъуэр.

Къумахуэ Мухьэдин: Хуабжьу си гуапэ мэхъу Мартыновскэ районым щыпсэухэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщыхъу-къыщыщIэхэр яфIэгъэщIэгъуэну зэрыкIэлъыплъыр, и ехъулIэныгъэхэм зэрыщыгуфIыкIыр. Уеблэмэ, фи деж щыIэщ ди республикэм и тхыдэм фIыуэ ущызыгъэгъуазэ музей. 115-нэ шуудзэм хэтахэм я фэеплъыр зэрыфхъумэр, абыхэм пщIэ зэрахуэфщIыр, а Iуэхум гурэ-псэкIэ фызэрелIалIэр егъэлеяуэ ди гу апэ мэхъу. Языныкъуэхэм деж сыщегупсыс щыIэщ: сыткIэ хуей ахэр абы?

Лещев Виктор: Ар псоми ди зэхуэдэ къалэнщ. КъищынэмыщIауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Ростов областым и Мартыновскэ районымрэ я зэпыщIэныгъэр къыщежьар нобэкъым. Сэ сощIэж иджыри школым сыщIэсу, ди зы уэрамым Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэр фIащауэ зэрыщытар. Зы уэрам диIэщ ди щIыналъэр зыхъумахэм яхэта, политрукыу щыта Уэзы Хьэжмудар и цIэр фIащауэ. Фи фIэщ фщIы ди щIэблэр хэкупсэу гъэсэнымкIэ мис а сэлэтхэм я щапхъэр, фэеплъыр сэбэпышхуэ къызэрытхуэхъур. ЕтIуанэрауэ, зи тхыдэр зымыщIэм сыт къыпэплъэр? Мамыр псэукIэр тхуэзэтезыублахэр, къэралыр бийм щызыхъумахэр псэужми, мыпсэужми я фIыщIэр зэи дгъэкIуэд хъунукъым. Ар хьэкъыу япхыкIащ ди щIэблэми.

Зытхыжар
НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

ЛIыхъужьыгъэм и щыхьэтхэр

«Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м и хьэщIэхэм зи гугъу ящIа дэфтэрхэм, 115-нэ шуудзэм хэтауэ къэрал дамыгъэхэр зыхуагъэфэщахэм ятеухуахэм, ящыщ зыбжанэ тхыгъэм щIыдгъуащ.

1914 гъэм къалъхуа, Нартан щыщ Наурыз Мамышэ ХьэбытIэ и къуэр «Хахуагъэм папщIэ» медалыр къратыну къызэрагъэлъэгъуам и щыхьэт тхылъым щыщ.

«Наурыз Мамышэ ХьэбытIэ и къуэр политрук нэхъыжьу, 115-нэ шуувей дивизэм и полкым и комиссару щытащ. Граждан зауэми, СССР-м и сэбэп зыхэлъхэр хъумэным теухуауэ иужькIэ къэхъуа зауэ зэныкъуэкъухэми хэтащ, 1942 гъэм накъыгъэм и 26-м щегъэжьауэ Ипщэ-КъухьэпIэ фронтым Iутащ.

1942 гъэм фокIадэм и 22-м бийм щебгъэрыкIуэм ныбжьэгъу Наурызым зауэлIхэмрэ командирхэмрэ фIэщхъуныгъэ яхилъхьэу, тригъэгушхуэу яхэтащ. Фашистхэм щапэувым «Хэкум папщIэ, Сталиным папщIэ» жиIэу къыхуриджэурэ полкыр къызэщIиIэтэри, япэ иту ебгъэрыкIуащ.

Полкым и командирыр яукIа нэужь, унафэщIыныр и пщэ дилъхьэжри, зэхэуэр иригъэкIуэкIащ. Абы щыгъуэм Наурызым къигъэлъэгъуащ и лIыгъэр, хахуагъэр, бийр хигъэщIэн щхьэкIэ Iэмал куэдым зэрыхуекIуэр. Абы фашистым и пулеметыр икъутэри, езы офицерри иукIащ. Зауэр и гуащIэгъуэу здекIуэкIым, Наурызыр уIэгъэ хъуахэм ядэIэпыкъуащ.

Ныбжьэгъу Наурызым хуэфащэщ «Хахуагъэм папщIэ» правительствэ дамыгъэр».

1908 гъэм къалъхуа, Бахъсэн щыщ Шогуэ Мухьэмэд Бэчмырзэ и къуэр «Зауэм къыщигъэлъэгъуа зэфIэкIхэм папщIэ» медалыр къратыну зэрыхуэфащэм теухуа щыхьэт тхылъым щыщ.

«Шогуэ Мухьэмэд Бэчмырзэ и къуэр 115-нэ шуувей дивизэм и 297-нэ шу полкым и езанэ эскадроным и политрукыу щытащ. Граждан зауэми нэгъуэщI дзэ зэпэщIэтыныгъэхэми лIыгъэ щызэрихьащ, 1942 гъэм накъыгъэм и 26-м щегъэжьауэ Хэку зауэшхуэм хэтащ, уIэгъэ щыхъуащ.

Ныбжьэгъу Шогуэм нэмыцэ-румын зэрыпхъуакIуэхэм щезауэм жэуаплыныгъэ зыхэлъ политлэжьакIуэу зыкъигъэлъэгъуащ. И подразделенэм хэт сэлэтхэр езыр я пашэу бийм ебгъэрыкIуэрт Сталиным и цIэр яIэтурэ.

УIэгъэ хьэлъэ зэрыхъуам щхьэкIи къимыгъанэу, и нэIэ щIэтхэм унафэ яхуищIащ зэхэуэр иухыху. Езым румын сэлэтиплI иукIащ.

«Зауэм къыщигъэлъэгъуа зэфIэкIхэм папщIэ» медалыр къелэжь».

1918 гъэм къалъхуа, Курп Ипщэ къуажэ щыщ Шэрий Къэралбий ХьэщIэфI и къуэр «Зауэм къыщигъэлъэгъуа зэфIэкIхэм папщIэ» медалыр къратыну зэрыхуэфащэм теухуа щыхьэт тхылъым щыщ.

«Сэлэт Шэрий Къэралбий ХьэщIэфI и къуэр 115-нэ шуувей дивизэм и 297-нэ шу полкым и пулеметым и унафэщIу щытащ. Граждан зауэми, къэралыр хъумэным теухуа нэгъуэщI зэпэщIэтыныгъэхэми лIыгъэ щызэрихьащ, 1942 гъэм накъыгъэм и 26-м щегъэжьауэ Хэку зауэшхуэм хэтащ.

Ныбжьэгъу Шэрийм, къызэрымыкIуэу хьэлъэ щытыкIэм щитами, и Хэкум зэрыхуэпэжыр къигъэлъэгъуащ. Бийм и шэр къытелъалъэми, зауэр щекIуэкI губгъуэм уIэгъэ хьэлъэ дыдэ хъуа командиритI кърихыжащ, фашистищ иукIащ.

«Зауэм къыщигъэлъэгъуа зэфIэкIхэм папщIэ» медалыр къелэжь».

1913 гъэм къалъхуа, Курп Ипщэ къуажэм щыщ Щоджэн Мухьэмэд Цыцэ и къуэр «Зауэм къыщигъэлъэгъуа зэфIэкIхэм папщIэ» медалыр къратыну зэрыхуэфащэм теухуа щыхьэт тхылъым щыщ.

«Щоджэн Мухьэмэд Цыцэ и къуэр 278-нэ шу полкыр ерыскъыхэмкIэ къызэзыгъэпэщ IэнатIэм и унафэщIым и къуэдзэу щытащ.

1942 гъэм накъыгъэм и 25-м Кавказ Ищхъэрэ фронтым Iухьащ, Ипщэ-КъуэкIыпIэ фронтми Iутащ.

«Бийм иIыгъ щIыпIэм тIасхъэщIэх щагъэкIуам и хахуагъэр къигъэлъэгъуащ, Хэкум зэрыхуэпэжри наIуэ къищIащ. Бийм гу къыщылъатэм, кIэрахъуэ фIэкIа имыIыгъыу абыхэм яхэуэн щIидзэри, къалэн нэхъыщхьэр зи пщэ дэлъ тIасхъэщIэххэм я Iуэху зэфIагъэкIыну Iэмал яритащ. А зэхэуэм цIыхуипщI щиукIащ Щоджэным, фашист зыбжанэ уIэгъэ ищIащ. Апхуэдэуи, абы и фIыгъэкIэ штабым и машинэ офицерищ зэрысымрэ хьэлъэзешэ машинэу щырэ зэтракъутащ».

1919 гъэм къалъхуа, Урожайнэ къуажэм щыщ Бэлэтокъуэ Михаил ХьэлэтIий и къуэр «Вагъуэ Плъыжь» орден къратыну къызэрагъэлъэгъуам и щыхьэт тхылъым щыщ.

«Бэлэтокъуэ Михаил ХьэлэтIий и къуэр 115-нэ шуувей дивизэм и 87-нэ продтранспорт взводым и командиру щытащ. 1942 гъэм накъы-гъэм и 26-м щегъэжьауэ Хэку зауэшхуэм хэтащ. Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ-КъуэкIыпIэ фронтхэм Iутащ.

Бийм иубыда щIыпIэм тIасхъэщIэх ягъэкIуауэ зэхэуэм хэхуэри, япэщIэтыфащ, лIыхъужьыгъи къыщигъэлъэгъуащ. Танк зыкъутэ IэщэмкIэ еуэурэ, офицерищрэ шоферрэ зэрыс штаб автомашинэр игъэсащ, бийм и сэлэтхэр зэрыс хьэлъэзешэ машинитIым я моторхэр икъутащ.

Фронтым Iут армэм хэтыху ныбжьэгъу Бэлэтокъуэм мызэ-мытIэу лIыгъэ, хахуагъэ къигъэлъэгъуащ, апхуэдэу и ныбжьэгъухэм хьэкъ ящищIащ ПТР Iэщэр зэрылъэщыр, техникэр зэрикъутэр».

1903 гъэм къалъхуа, Кэнжэ щыщ Къэзанш МатI Джырандыкъуэ и къуэр «Вагъуэ Плъыжь» орден къратыну къызэрагъэлъэгъуам и щыхьэт тхылъым щыщ.

«115-нэ шуувей дивизэм и 297-нэ шу полкым и политрукыу, парт зэгухьэныгъэм и секретару щытащ. Граждан зауэми, СССР-р хъумэным теухуа нэгъуэщI зэхэуэхэми лIыгъэ щызэрихьащ, 1942 гъэм накъыгъэм и 26-м щегъэжьауэ Хэку зауэшхуэм хэтащ. УIэгъэ хъуауэ щытащ.

ФокIадэм и 22-м нэмыцэ-румын зэрыпхъуакIуэхэм щапэщIэувам ныбжьэгъу Къэзаншым зыкъигъэлъэгъуащ жэуаплыныгъэ зыхэлъ командир хахуэу.

Партбюром и секретару щыткIэрэ, Къэзаншым езым щапхъэ къигъэлъагъуэрт, коммунистхэр ебгъэрыкIуэныгъэм тригъэгушхуэрт. И лъакъуэр уIэгъэ зэращIам, лъыр къызэрыпыжым хуэдэу, зы офицеррэ сэлэтищрэ иукIащ.

«Вагъуэ Плъыжь» орденыр къелэжь».

1916 гъэм къалъхуа, Шэджэм Езанэ щыщ Щоджэн Хьэутий Мурадин и къуэр «Бэракъ Плъыжь» орден къратыну къызэрагъэлъэгъуам и щыхьэт тхылъым щыщ.

«Лейтенанту, 115-нэ шуувей дивизэм и 278-нэ шу полкым и пулемет взводым и командиру щытащ. Граждан зауэми, нэгъуэщI дзэ зэныкъуэкъухэми хэтащ, 1942 гъэм накъыгъэм и 26-м щегъэжьауэ Хэку зауэшхуэм хэтащ, Кавказ Ищхъэрэ фронтым Iутащ.

1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м Щоджэным и взв одыр зыхагъэхьа эскадроным Батлаевскэ станицэр ихъумэу, бийм и ротэм ебгъэрыкIуащ. Я пулеметитIым бгъэдэтхэр хэт къаукIащ, хэти уIэгъэ хъуащ, езыри къаулащ. УIэгъэ зэрыхъуам хуэдэу, пулеметым Iугъуалъхьэри, бий лъэсыдзэр я танкхэм къакIэриудащ, сэлэтрэ офицеру 50-м щIигъу зэтриукIащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, эскадроныр щытыкIэ гугъум къригъэкIащ, бий лъэсыдзэм щыщу къэнахэри икIуэтыжащ. УIэгъэ хъуа Щоджэныр зэхэуэ нэужьым тылым ягъэкIуэжащ».

ШЫПШ Даянэ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

ГушыIэ дахэр зи Iэщэ

Дудар Хьэутий къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу

Дудар Хьэутий Мызэ и къуэр 1921 гъэм накъыгъэм и 15-м Бахъсэн районым щыщ Къулъкъужын Ищхъэрэ (Къуэнхьэблэ) къуажэм къыщалъхуащ. 1935 гъэм къуажэ еджапIэр къиухри, егъэджакIуэхэм щагъэхьэзыру Налшык дэт училищэм щIэтIысхьащ. 1938 гъэм егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ курсым щеджащ. Класс нэхъыжьхэм щылэжьэну хуит зыщI тхылъ къыIэрыхьауэ 1939 гъэм и къуажэм игъэзэжри, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу 1942 гъэ пщIондэ лэжьащ. ТхакIуэ хъуну къызыхуиха щIалэр а зэманым журналистикэм етхьэкъу: къыщалъхуа къуажэм и гъащIэм, абы щыпсэу цIыхухэм я IужьщIафэхэм теухуа очеркхэр итхыу щIедзэ, ахэр газетхэм трегъадзэ.

● Фэеплъ



ЗАУЭ ГУЩIЭГЪУНШЭМ зи щIалэгъуэр илыпщIахэм ящыщщ Дударыр. И узыншагъэр зэрыпэмылъэщым къыхэкIыу, ар Хэку зауэшхуэм ягъэкIуакъым. И щхьэкIэ хэмытами, зауэм и гугъуехьхэмрэ бэлыхьхэмрэ абы къыжьэхэуащ, и псэкIи и фэкIи игъэващ. 1942-1945 гъэхэм Дудар Хьэутий Тырныауз вольфрам-молибден комбинатыр зэфIэзыгъэувэжахэм яхэтащ, шоферу лэжьэу.

Ауэ тхылъымрэ тхэнымрэ зэи IэщIыб ищIакъым абы. Арауи къыщIэкIынщ 1945 гъэм Дударыр Налшык дэт радиокомитетым щылэжьэну щIрагъэблэгъари. «ХъыбарыщIэхэр» редакцэм и редактору къыщIидзащ, 1947 гъэм щегъэжьауэ «Къэбэрдей пэж» («Адыгэ псалъэ») газетым и редакцэм щылэжьащ.

Ди республикэм и театр гъуазджэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIам къыхэкIыу, Дудар Хьэутий 1973 гъэм «КъБАССР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр фIащащ.

Дударыр Урысейм и ТхакIуэхэми Журналистхэми я союзхэм хэтащ.

Ар 1994 гъэм накъыгъэм и 5-м дунейм ехыжащ, къыщалъхуа Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм щыщIалъхьэжащ.

Тхыгъэ купщIафIэ куэд зи Iэдакъэ къыщIэкIа Дудар Хьэутий зэи пагагъэр къытекIуакъым, «сытхакIуэщ» жиIэу, дэпсэлъейуэ ялъэгъуакъым.

ЦIыху гуапэу, къызэрыгуэкIыу зэрыщытыр арагъэнт, дауи, абы ныбжьэгъуфI куэди щиIар. Абыхэм яхэтт тхакIуи, усакIуи, режиссери, актери, мэкъумэшыщIи, студенти. Ауэ а псори зы Iуэхугъуэ нэхъыщхьэм зэришалIэрт: адыгэгурэ адыгэпсэрэ яIэт, я лъэпкъыр фIыуэ ялъагъурт, зымащIэ тIэкIукIэ нэхъ мыхъуми, щхьэж зэрыхузэфIэкIкIэ къызыхэкIам хуэпсэуныр, хуэлэжьэныр я мурад быдэт.

Апхуэдэ акъыл узыншэм къигъэщIырт Дударым и лIыхъужьхэри. Абыхэм лъэпкъ гушыIэр зэIэпахыу кърахьэкI. Адыгэ хабзэри, нэмысри яхъумэу, абы хуэгумащIэу, лъэпкъ щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэхэр ягъэбагъуэу. А лIыхъужьхэм я гъащIэр, псэукIэр къызытрищIыкIа цIыху телъыджэхэм ящыщ куэд и ныбжьэгъуащ Дударым.

Дудар Хьэутий езым и инагъым хуэдиз угъурлагъи иIэжт. Ар ядэгъуэгурыкIуэфырт нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми - хэти бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къыхуигъуэту тэ- макъкIыхьт.

Зи тхыгъэ купщIафIэхэмкIэ цIыхухэм фIыуэ ялъэгъуа Дударым и къалэмыпэм къыщIэкIащ рассказхэр, гушыIэхэр, ауанхэр, таурыхъхэр, усэхэр, т еплъэгъуэ кIэщIхэр, театр зэмылIэужьыгъуэхэм щагъэува пьесэ купщIафIэхэр. А псоми къыдэкIуэу, ар икIи журналистт. Дударыр тхыгъэ жанр псоми зэхуэдэу хуэIэкIуэлъакIуэт, жыпIэкIэ ущыуэнукъым, абы теухуауэ езы тхакIуэм мыпхуэдэу итхат: *«Сэ куэдрэ къызоупщI си цIыхугъэхэр, стхыхэм къеджэу есахэр: уэ упрозаикщ, уусакIуэщ, удраматургщ, а псом нэмыщIыжкIэ публицистикэм ехьэлIа тхыгъэхэри умыувыIэу уотх... Дэтхэнэра абыхэм нэхъыбэ щыпхуэзфIэкIыр, нэхъ удэзыхьэхыр?» - жаIэри.*

Нэхъыбэ щысхуэзфIэкIщысхуэзфIэмыкIым тхылъеджэр нэхъ щыгъуэзэнщ - абы елъагъу дэтхэнэ жанрым щызлэжьыр зыхуэдэри зыхуэдизри. Ауэ нэхъ сыдэзыхьэх и лъэныкъуэкIэ жэуап естыну сыхуежьа нэужь, сыхэзэрыхьыж - сщIэркъым. Усэ щыстхым и деж си гугъэщ абы фIэкIа сыдэзыхьэх щымыIэу. Апхуэдэ дыдэу хьэщыкъ сыхуокъу прозэм (псом хуэмыдэжу гушыIэ рассказхэм) зестыжауэ сыщылажьэкIи. Драматургием апхуэдизкIэ сыдэхьэхри, дунейр сщогъупщэ, публицистикэ тхыгъэри аращ.

НтIэ, тхакIуэр жанр зыбжанэм зэуэ щылэжьэныр гугъу?

Гугъуехь и щхьэм зыми езым къыхуилъыхъуэжыркъым, зэрыгурыIуэгъуэщ. ТхакIуэм жанр зэмыщхьэхэм заритыныр къызыхэкIыр и гупсысэр нэхъ шэрыуэу, щIэщыгъуэу цIыхухэм я деж зэрынихьэсын Iэмал къызэрилъыхъуэрщ. Сэ сыкъапщтэми араш: усэм щысхужымыIэ куэд прозэм щыжызоIэ, прозэм щысхузэфIэмыкIыр - драматургием».

Дудар Хьэутий и къалэмыпэм къыщIэкIахэр иту тхылъ зыбжанэ къыдэкIащ. Абыхэм я нэхъыбэр езыр псэууэ дунейм къытехьащ, адрейхэр тхакIуэр дунейм ехыжа нэужь къыдэкIащ. 1964 гъэм дунейм къытехьащ Хьэутий «Си пащIэр» зыфIища и япэ тхылъыр. Абы къыкIэлъыкIуащ «Пэ вабдзэр» (1968), «Пьесэхэр», (1974), «ГушыIэхэмрэ ауанхэмрэ» (1977). Сабийхэм папщIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ «Таурыхъхэр» 1980 гъэм, 1985 гъэм «Гупсыси, псалъэ» тхылъыр дунейм къытехьащ. А гъэ дыдэм урысыбзэкIэ къыдокI «До своего роста» (1985) зыфIища тхылъыр. 1992 гъэм тхакIуэм къыдегъэкI «ГуфIэгъуэ щащIэ» тхылъыщIэр.

Хьэутий таурыхъхэр щызэхуэхьэса и етIуанэ тхылъыр илъэгъуакъым. Апхуэдэу 2001 гъэм тхакIуэм ипхъу Дудар ФатIимэ къыдигъэкIащ и адэм и едзыгъуэхэр, уэрэдхэр, гушыIэ кIэщIхэр зэрыхуа, «Едзыгъуэхэр» зыфIаща тхылъ цIыкIур.

Тхылъ щхьэхуэу къыдэкIахэм нэмыщI, Дударым и тхыгъэ куэд къытехуащ республикэ газетхэм, «Iуащхьэмахуэ», «Театр» журналхэм. Абы и гушыIэ цIыкIухэр зэпымыууэ радиокIэ къату щытащ.

Дудар Хьэутий хуэIэижьт тэрмэш лэжьыгъэми. Литературэм зэфIэкIыу щиIахэм щыщ зыщ художественнэ тхыгъэхэр Iэзэу зэридзэкIыу зэрыщытар. 1963 гъэм Дударым адыгэбзэм къригъэтIэсауэ къыдэкIащ дуней псом щыцIэрыIуэ тхакIуэшхуэ Твен Марк и «Пащтыхьыкъуэмрэ факъырэмрэ» и IэдакъэщIэкIыр. Хьэутий зэридзэкIащ Этезов Омар и «Мывэхэм ящIэж» повестыр, Толстой Лев и «Мыщищ» таурыхъыр, Гуртуев Елдар и «Хъыджэбз хьэщIэ» рассказыр, Токумаев Жэгъэфар и «Чонай и хъыбарыр», нэгъуэщI зыбжани.

«Ди адэр тхакIуэт икIи журналистт, ауэ куэдым ящIэркъым абы макъ дахэ иIэу, сурэт гъэщIэгъуэну ищIыфу зэрыщытар. Абы и сурэтхэр иджыри унагъуэм щыдохъумэ», - жеIэ тхакIуэм ипхъу ФатIимэ.

Зауэм и пэ лъэхъэнэми Хьэутий и IэдакъэщIэкIхэр газетхэм къытехуэрт, ауэ, дызэрыщыгъуазэщи, тхакIуэр гурэ псэкIэ и лэжьыгъэм щеувэлIар зауэ нэужьырщ. НэгъуэщI тхакIуэхэми хуэдэу, Хьэутий псори занщIэу къехъулIакъым. А лъэхъэнэр Дударым мыпхуэдэу игу къигъэкIыжырт.

«Тхэн щIэзыдзагъащIэр тхакIуэ нэхъыжьым и чэнджэщ хуэныкъуэщ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, а Iуэхум IэхъуэгъуэтегъэкIыу щыбгъэдыхьэ къохъу. Сэ тхэн зэрыщIэздзэрэ зыбжанэ щIат. Ауэ си тхыгъэхэр утыку исхьэн дзыхь сщIыртэкъым. Апхуэдэурэ 1947 гъэ пщIондэ екIуэкIащ. ИтIанэ, зэгуэр сытегушхуэри, си къалэмыпэм къыщIэкIахэм къалэщхьэгуэжьу сызыщыгугъ тхакIуэ гуэр къезгъэджащ. Ауэ «гур зэрыгъум дыгъур ирожэ» жыхуаIэ дыдэм хуэдэу хъуащ. Абы си Iэрытххэм ящыщ гуэрым и кIапэм мыпхуэдэу тритхэри къызитыжащ: «Дудар и къуэу си къуэшыжь! Уэ иджыри ущIалэщ, уи щхьэм ухуеижьнщ, мыбыхэм щхьэкIэ уи щхьэр умыкъутэж!».

«Псалъэ гуапэр хущхъуэщи, псалъэ жагъуэр щхъухьщ» жаIэ адыгэхэм. ТхакIуэ ныбжьыщIэм дежкIэ абы нэхъ щхъухь сыт щыIэнт? АпхуэдизкIэ гукъыдэж симыIэжу сыкъэнати, къалэм къасщтэми сIэщIэжукурэ зэман Iэджэ дэкIыжащ, ауэ нэхъ иужьыIуэкIэ си гур къызэрыгъуэтыжри, аргуэру тхэн щIэздзэжащ».

ЩIидзэ жащ. Угъурлыуэ щIидзэжауи къыщIэкIащ. Япэу и Iэдакъэ къыщIэкIа пьесэр - «Нэчыхьытхыр» - ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щагъэуври, илъэс куэдкIэ ягъэлъэгъуащ.

«Нэчыхьытхми», адрей и пьесэ купщIафIэхэми къыдэкIуэу, Дударым итхащ гушыIэрэ ауанкIэ гъэнщIа рассказхэр, сабийхэм яхуэгъэза таурыхъ хьэлэмэтхэр, цIыхубэм гукъинэ ящыхъуа усэхэр. Хьэутий и къалэмыпэм къыщIэкIа тхыгъэхэр гъэщIэгъуэнщ, купщIафIэщ, щIэщыгъуэщ.

ТхакIуэм телъыджэу къегъуэт икIи еузэщI и щIэнэкIалъэхэри и гушыIэхэри. Дерс гуэр къыхыумыхыу, уи гур имыгъэпIейтейуэ зыри яхэткъым абыхэм.

КъыжыIэпхъэщ Дудар Хьэутий и IэдакъэщIэкI тхыгъэхэр бзэ дахэ, бзэ шэрыуэкIэ зэрытхар. Абыхэм уеджэну тыншщ, псалъэ гурыIуэгъуейхэм ущрихьэлIэркъым. Дэтхэнэ и зы лIыхъужьми иIэщ и хьэл-щэнымрэ и дуней тетыкIэмрэ къэзыгъэлъагъуэ псэлъэкIэ. ТхакIуэм и тхыгъэхэм дыщрохьэлIэ псалъэжьхэм, нэщэнэхэм, псалъэ шэрыуэхэм.

И тхыгъэ купщIафIэхэмкIэ тхылъеджэхэм ягурэ я псэрэ итхьэкъун, ди нобэрей гъащIэм дызыщрихьэлIэ мыхъумыщIагъэхэр и гушыIэхэмрэ ауанхэмкIэ сэтей къищIын, ахэр къызыпкърыкI цIыху куэдым заригъэцIыхужын хузэфIэкIащ Дудар Хьэутий.

Абы и Iэдакъэ къыщIэкIа «Нэчыхьытх», «КъуийцIыкIу», «ЗэгъунэгъуитI», «ГушыIэхэмрэ ауанхэмрэ», «Хьэлэлыжьрэ Хьэрэмыжьрэ», «Борэн», «Мыдэф и мастэ», «Фыз Iэзэ» пьесэхэм къытращIыкIа спектаклхэр Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щагъэуващ. «Жэщтеуэхэр», «Мэзым къыщыхъуахэр», «Щхьэгъусэ нэпсей», «Суд йокIуэкI», «Пшынауэ», «Сэ сыадыгэкъым», «Дохутырымрэ сымаджэмрэ» пьесэхэр Iэрытхыу къэна мыхъумэ, зыщIыпIи къыщыдэкIакъым. 1974 гъэм Дударым къыдигъэкIа «Пьесэхэр» тхылъым ихуар «Борэн», «ЗэгъунэгъуитI», «КъуийцIыкIу», «Хьэлэлыжьрэ Хьэрэмыжьрэ» пьесиплIырщ.

Псом нэхърэ нэхъыщхьэр Дудар Хьэутий цIыху пэжу, гу къабзэу дунейм зэрытетарщ. Езым и хъэтI иIэжу и лъагъуэ ди адыгэ лъэпкъ литературэм щыпхызыша тхакIуэщ ар. Дударым и цIэр ящыгъупщэнукъым и тхыгъэхэр тхылъеджэхэм я гум илъыху.

АБАЗЭ Албэч,
КъБКъУ-м и доцент.

Адыгэхэр я щхьэхуитыныгъэм зэрыщIэзэуар

КЪУМЫКЪУ Мамдухь

147

Пушкин Александр *(1799 - 1837)*

Грибоедов Александр *(1795 - 1829)*

Лермонтов Михаил *(1814 - 1841)*



Дюма Александр *(1803 - 1870)*



Толстой Лев *(1828 - 1910)*

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр №№70-72, 74, 78-79, 81-84, 85-86-хэм итщ).

Урысхэри класс зэхуэщхьэхуэу зэхэтащ, лIэщIыгъуэ бжыгъэкIэ адыгэ хэм къахэхьэ-хэкIыжу къызэрыгъуэгурыкIуам къыхэкIыу, ди лъэпкъым и псэукIэм фIыуэ щыгъуазэт. Арати, урысхэм адыгэ жылэ гъэпсыкIэр зэтекъутэн политикэ унэтIа зэи яIакъым, апхуэдэ Iуэху щызэрахуэ къэхъуами. Адыгэпщхэр, муслъымэн диныр къэзыщтахэри, урысхэм хуиту нэхъ епсэлъэфт икIи щымыхъужым деж тыркухэм нэхърэ абыхэм нэхъ ягурыIуэфынут.

Тыркухэм загъэфэрыщIу адыгэ пщы-уэркъхэм пщIэ хуащI хуэдэу зыкъагъэлъагъуэрт, тыгъэхэри къыхуащIт, абыхэм ящыщ куэди Истамбыл яшэурэ къулыкъушхуэхэр кърат, уеблэмэ иужькIэ абы цIэрыIуэ щыхъуахэри яхэтащ. Ауэ Тырку къэралыгъуэм япэ лъэбакъуэхэр адыгэщIым зэрыщигъэуврэ езым и фейдэ зыхэлъ политикэ щэхуу зэрихьэрт: ахэр хущIэкъут адыгэпщхэр ягъэкIуэду, абыхэм я пIэ езыхэр зыхуей пашэхэр ирагъэувэу лъэпкъыр я унафэм щIэту ягъэзэуэну. ИщхьэкIэ мызэ-мытIэу къызэрыхэдгъэщащи, абыхэм лIэщIыгъуэ зыбжанэкIэ Къэфкъас Ищхъэрэр я щIыналъэу, адыгэхэри езыхэм ящыщ цIыхуу къалъытэу екIуэкIащ. Арауэ къыщIэкIынущ, Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм сыт хуэдиз хасэ къызэIуахами, «Адыгэ» е «Шэрджэс» цIэр фIащыну щIыхуимытыр. Абы и пIэкIэ къагъэсэбэпт «Къэфкъас Ищхъэрэ» псалъэр, аращ я хасэхэм фIэщыгъэцIэ хуащIыр нобэр къыздэсым.

Ер вы бжьакъуэм къокI зэрыжаIэм ещхьу, XIX лIэщIыгъуэм икухэм тыркухэм ислъам диныр политикэ Iэмалу къызэрагъэсэбэпари адыгэхэр зытеунэхъуа Iуэхугъуэхэм ящыщ зыщ. А Iуэхур Мухьэмэд Iэмин ди лъахэм щызэфIигъэкIахэм дытемыпсэлъыхьу зэIубз хъунукъым.

Щамил и наибым зыкъызэкъуихыу пщы-уэркъ гупыр хьэкIэкхъуэкIагъэ хэлъу иукIа нэужь, адыгэхэм я унафэр джатэ IэпщэкIэ зыIэщIигъэхьэным и ужь ихьащ. Мухьэмэд Iэмин муртазакъкIэ зэджэ, шу мин хуэдиз хъу щхьэхъумэхэр зыхуигъэувыжауэ, ахэр и гъусэу къикIухьт. Хьэбжокъуэми Iэпэзауэми зэратхыжымкIэ, Мухьэмэд Iэмин илъэсищым и кIуэцIкIэ хузэфIэкIащ абазэхэхэм муслъымэн диныр къаригъэщтэн. Ар кърым хъанхэми Уэсмэн империеми илъэсищэ бжыгъэкIэ яхузэфIэкIауэ щытакъым. Абы нэмыщIыжкIэ, илъэс 30 фIэкIа мыхъуа наибым адыгэ хэкур губерние 13-у игуэшщ, ахэри районищэу зэпиудыжри, псоми унафэщI зырыз яIэжу, шэрихьэт судхэр щащIэу игъэпсыжащ. **(«Къэфкъасымрэ шэрджэсхэмрэ я тхыдэм и щIэнгъуазэ», том III, нап. 959), («Императорхэмрэ лIыхъужьхэмрэ Къэфкъасым и тхыдэм», нап. 162).** ХамэщIым щыщ ди тхыдэтх нэхъыжьхэр ислъам диным хуэгумащIэу зэрыщытым къыхэкIыу, а лъэхъэнэм Мухьэмэд Iэмин ди лъахэм щищIахэр ягъэдэхами, а Iуэхум мыхъумыщIагъэу хэлъахэр псалъэжькIэ, гъыбзэкIэ, къебжэкIкIэ ди лъэпкъым и цIыху къызэрыгуэкIхэм яхъумащ.

Мухьэмэд Iэмин кIахэ адыгэхэм (абазэхэхэм) муслъымэн диныр къазэрыригъэщтауэ щыта щIыкIэм теухуауэ куэд ятхыжащ тхыдэтх нэхъыжьхэм, ауэ хэIущIыIу ямыщIами, а Iуэхум теухуа псалъэжьхэри щыIэщ. Ди зэманым къэсахэм ящыщ зыщ «Егъэзыгъэ нэмэз, мюрид тхъэрыIуэ» жыхуиIэр. Ар нэхъыбэу къэзыгъэсэбэпыр хамэщI адыгэхэрщ. ПсалъэмапщIэ, ахэр зы Iуэху гуэркIэ хэбгъэзыхьмэ, жаIэ: «Сыт мыр, егъэзыгъэ нэмэз хъуа!..» Зэрыхуэбгъэфащэ хъунумкIэ, а псалъэжьыр хьыбар гурым епхащ.

Наибым и бысымыр абазэхэхэрат, ахэр адыгэ лIакъуэхъуищым ящыщ зыт, унагъуэ мин 18 хуэдиз хъухэрт. Абыхэм ящыщ зы гуным ислъам диныр къащтами, нэхъыбэр абы еувэлIатэкъым. Арати, наибым адыгэ тхьэмадэхэр зэгриIэу, пэрыуэгъу къыхуэхъун щымыIэж хъуа нэужь, и муртэзакъхэр ирищэжьэри ежьащ. Абыхэм я нэхъыбэр абазэхэт. Сытми, абазэхэ къуажэхэр къунувыхьт, абы дэс цIыхухэу псори къыдишти, къуажэ щIыбым деж «Иман шэхьадитIыр» псоми зыхуэ къыригъэхьт. АдэкIэ сунэт нщIэт, КъурIэным щыщ сурэ кIэщI дыдэхэр ярigъэщIэрт, андэз къаригъэщтэрти, нэмэз рукъыэтитI яригъэщIыжырт, къыхуэпэжыну тхьэ яригъэIуэжти, я цIэхэр дэфтэрым иритхэрт. Абыхэм щыщу и нэм къыфIэнэхэр и муртэзакъхэм хигъэхьэрт икIи апхуэдэ щIыкIэкIэ дзэшхуэ къызэригъэпэщат.

Дзэм хэтхэм ярит улахуэр цIыхухэм сэджыту къаIихт, ар къыхэзыххэр хеящIэу шэрихьэт судхэм игъэувахэрат. Сытми, абазэхэ щIыналъэм къыщызэригъэпэща дзэмкIэ шапсыгъхэм зауэ ярищIылIащ, псори муслъымэн диным кърригъэхьэу, и дамэм къыщIигъэувэн папщIэ. Ауэ, Хьэбжокъуэм зэрыжиIэмкIэ, ар тыншу къехъулIакъым. Шапсыгъхэм я нэхъыбэр чыристан диным итхэти, къыпэувыжат. Хы Iуфэ тафэхэм Iус шапсыгъхэр муслъымэнт, наибым и телъхьэт, ауэ и хъыбару зэхахахэм, ислъам диныр къегъэщтэнымкIэ ткIиищэу зэрыщытым Iэнкун ищIахэт. Шапсыгъхэм пщы-уэркъыу къахэнэжар закъуэтIакъуэт, ахэр цIыхубэм я бийуэ къахуигъэлъагъуэкIэ къыдихьэхыфынутэкъым. Сытми, наибыр къызэрыкIуэр зэхэзыха, бгым щыпсэу шапсыгъ чыристанхэм зауэм зыхуагъэхьэзыру щIадзат. 1849 гъэм Мухьэмэд Iэмин мин 20 хъу и муртэзакъ дзэр и гъусэу Псыкуэпс аузым къэсри, къыдэтIысхьат. Шапсыгъ муслъымэнхэм щыщу шу мин къакIуэу гъусэ къыхуэхъуа нэужь, зауэ гуащIэм щIидзащ. Абы къыпэува шапсыгъхэр миних фIэкIа мыхъуу щытами, наибым и дзэшхуэм къытекIуэри, кърахужьэжат. ЕтIуанэ махуэм и зауэлIхэр зэхуишэсыжщ, аргуэру ятеуэри, а зауэм лъэныкъуитIми щыщу шу 500-м щIигъу хэкIуэдащ. Абы и ужь Абазэхэ лъахэм зэрыщищIам хуэдэу, шапсыгъхэри ислъам диным иригъэхьащ. Бгыщхьэхэм ис шапсыгъ къуажэхэм зэкIэ я гугъу имыщIу, наибым натхъуэджхэм деждкIэ зигъэзащ. Ахэр урысхэм ягурыIуауэ мамыру ядэпсэурт. Дзэшхуэ щIыгъуу наибыр я лъахэм къызэрихьар щызэхахым, зэгурыIуэныгъэм епцIыжри, гъусэ къахуэхъуахэщ. АдэкIэ убыххэм я ужь ихьащ. Ауэ япэ щIыкIэ, бгыщхьэм ис шапсыгъхэр, дауэ ищIми, и жыIэм къыщIигъэуващ.

1849 - 1850 гъэм и щIымахуэр Мухьэмэд Iэмин убыххэм я лъахэм щигъэкIуащ. Ахэри, шапсыгъ бгы[illegible] **(Ардыдэр, нап. 159-162).** 1851 гъэм Мухьэмэд Iэмин бжьэдыгъухэм я лъахэм имыкIуами, абыхэм я мэкъумэщIщIэр къызэщIигъэплъэри, урысхэм мамырыгъэ езыщIылIа я пщышхуэр иригъэукIыжащ. Иджы Щамил и наибым зэфIигъэкIат зыхущIэкъуар...

Тырку пащтыхьыгъуэмрэ Адыгэ хэкумрэ мюридизм лъэхъэнэм

ШЕЙХЪ Щамил адыгэ псоми я унафэр зыщIылъхьат. Къэфкъас Ищхъэрэм ис лъэпкъ нэхъыбэхэр [illegible]. Абы къэбэрдейр зэрыхэмытар [illegible] Пащтыхьыдзэмрэ уз зэрыцIалэхэмрэ къелахэр абазэхэхэм я деж кIуауэ, абы хьэжрэт зауэр щрагъэкIуэкIырт. Арати, Хъэзэр хы Iуфэм къыщыщIэдзауэ тенджыз ФIыцIэм нэсу зы къэралыгъуэ щыIэ хъуауэ плъытэ хъунут, мюридхэм я унафэм щIэту, шэрихьэт хабзэм тету.

Мюридизмым и лъабжьэр суфизмэрат. Абы шхыныфIыми щыгъыныфIыми пэIэщIэу, куэдрэ икIи тыншу мыжейуэ, и IэпкълъэпкъЫр гугъу иригъэхьурэ, цIыхур псэкIэ Тхьэм пэгъунэгъу ищIынырщ къызыхуриджэр. Ар цIыхухэм къегъэщтэгъуафIэ зэрымыхъунур къагурыIуэри, Щамилрэ и мюридхэмрэ а хабзэхэр яхъуэжу щIадзат. Ауэ апхуэдэ ткIиягъэрэ пхъашагъэ яхэлъу къэхъуахэм я Iуэху зехьэкIэм а зэсахэр щыпэрытт. Инджылыз тхыдэтх Баделий Джон итхыжащ: «Щамил и къаруугъуэу, текIуэныгъэшхуэ къихьахэм и тхьэмадагъэр хаIэтыкIауэ щытами, хуэмыарэзыныгъэхэр щыIэт, пIалъэкIэ заущэхуами. Щамил и тепщэныгъэр игъэбыдэн папщIэ, гъунэ зимыIэ ткIиигъэхэр зэрихьат. Щхьэхуитыныгъэм и бегъымбару цIыхухэм къалъытэр лей зехьэным и щапхъэу къыщIидзыжащ. Ауэ цIыхухэм ар зыгуэрурэ яшэчынуи къыщIэкIынт, и цIэкIэ унафэ ящIыну икIи зыхуейхэр ящIэну и къуэ Мухьэмэд Гъазийрэ и наибхэмрэ хуит ищIауэ щымытамэ». АдэкIэ инджылыз тхыдэтхым зэрыжиIэмкIэ, мюридхэм Дагъыстэнымрэ Шэшэнымрэ щызэрахьа лейхэм, зауэ кIыхьхэм къыхэкIыу цIыхухэр зэрыхуа тхьэмыщкIагъэр яхуэмышэчыж хъури, арэзыуэ урысым и бжьым щIэувахэщ. **(«Урысхэм Къэфкъасыр зэраубыдар», нап. 490).**

Щамилрэ мюридизмымрэ зэрахьа лейхэм теухуауэ инджылыз тхыдэтхым иригъэлеями, абыхэм зауэ Iуэхухэм фIы дыдэу хащIыкIыу езыхэм нэхърэ куэдкIэ нэ хъыбэ икIи IэщэкIэ нэхъыфIу зэщIэузэдауэ щыта урысыдзэхэм илъэс куэдкIэ зэрыпэщIэтыфар пэжу къигъэлъэгъуэжыфащ.

Абы щIыгъуу мыбдежым къыщыгъэлъэгъуапхъэу къыдолъытэ Щамилрэ мюридизмымрэ апхуэдизу ткIийуэ, пхъашэу щытыныр урыс колониализмэ политикэм Къэфкъас Ищхъэрэм щызэрихьа лейм зэрепхар. ИкIи наIуэ мэ хъу дагъыстэн, шэшэн цIыхубэр мюридизмым и ныпым щIэувэныр щIадар, урыс пащтыхьым и дзэхэм гущIэгъур ямыщIэу абыхэм къатеуэу зэрыщытам къызэрыхэкIар.

Инджылыз тхыдэтххэми нэгъуэщIхэми нобэр къыздэсым жаIэ Къэфкъас Ищхъэрэ лъэпкъхэр зэгухьэрэ гурэ псэкIэ Щамил дэзэуамэ, урысыдзэхэр къат емыкIуэну щытауэ. Ауэ ар пэжкъым, сыту жыпIэмэ Мухьэмэд Iэмин сыт хуэдэ щыуа[illegible] Къэфкъас Ищхъэрэ лъэпкъхэр зы мыхъуахэу зэрыжаIэракъым. Сыт хуэдэу щымытми, 1859 гъэм шыщхьэIум и 25-м Урыс-Къэфкъас зауэр Къэфкъас Ищхъэрэм и къуэкIыпIэ лъэныкъуэм щиухащ.

* * *

МУХЬЭМЭД Iэмин гугъапIэшхуэхэр иIэ т. Адыгэхэм я унафэр зыIэщIилъхьэу, муртазакъ дзэшхуэ къызэригъэпэща нэужь, Суджакъ, Анапэ къалэхэм зыбжанэрэ ятеуат, урысыдзэхэр иригъэкIуэту абдежми бжьыпэр щызыIэригъэхьэн и гугъэу. АрщхьэкIэ хузэфIэкIа щыIэкъым. Апхуэдэ быдапIэ лъэщхэм топхэр уимыIэу пхуещIэн зэрыщымыIэр къыщыгурыIуэжым, адыгэ жылэ щхьэхуэхэр игъэбыдэу щIидзащ. Наибыр Тырку къэралыгъуэр къыдэIэпыкъуну, зыхуей IэщэкIэ, топкIэ къызэригъэпэщыну гугъэрт. Ауэ тыркухэм шейхъ Щамил апхуэдэу зыкъыщIагъэкъуатэкъым, и наибми къыдэIэпыкъуну ягу къагъэкIыххэртэкъым.

Адыгэ лъахэм щекIуэкI зауэри щызекIуэ политикэ[illegible] Инджылыз империем и дипломатхэмрэ зэрахьэ Iуэхум сытт абы хищIыкIыр? Адыгэ [illegible] и деж бжьыпэр щыбубыда закъуэкIэ Iуэхур зэфIэкIынутэкъым. «Мюридхэр къокIуэ!» жаIэуи урысыдзэм я быдапIэхэри къагъанэу щIэпхъуэжынутэкъым. А псоми къыхэкIыу наиб щIалэр Iуэхушхуэ хэхуат...

XIX лIэщIыгъуэм икухэм кIахэ адыгэхэм я муслъымэн дин къэщтэкIэм хуэдэ ислъамым и тхыдэм къыщыхъуауэ зыщIыпIи ущрихьэлIэну къыщIэкIынукъым. Ар зыхуэдам и гугъу тщIынкъым, ауэ, шэч хэмылъу, адыгэхэм муслъымэн диныр, псалъэкIэ нэхъ мыхъуми, къабыл зэращIагъэххэр псом нэхърэ нэхъ зи гуапэ хъуар тыркухэрат. Хьэбжокъуэм зэритхыжымкIэ, адыгэхэм ислъам диныр къезыгъэщтар Мухьэмэд Iэмину зэрыщытыр ящIэ пэтми, зыхуейр хуащIэу, зыхуэныкъуэ Iэщэхэр иратмэ, яхуэмыгъэIурыщIэжыххэнкIэ шынэхэрт.

Мухьэмэд Iэмин адыгэ пщы-уэркъхэм унафэр къаIэщIихыу, зыхущIэкъуа шэрихьэт хабзэр игъэува нэужь, куэдыщэ дэмыкIыу и Iуэхухэр зэхэзэрыхьу щIидзащ. 1859 гъэм абы урысхэм заритыху, ди лъахэм и нэгу щIэкIа къэхъукъащIэ[illegible] зэрыс сыт хуэдэ щIыналъэри Тырку къэралыгъуэм езым ейуэ къилъытэрт. ИкIи цIыхур муслъымэн щыхъукIэ, лъэпкъ щхьэхуэ гуэрым щыщыжын хуэмейуэ ябжырт». **(«Императорхэмрэ лIыхъужьхэмрэ Къэфкъасым и тхыдэм», нап. 165).** Ар муслъымэн шэрихьэт хабзэхэм щыщми, япэ дыдэу зыкъутар тыркухэращ. Абыхэм муслъымэн диныр къыщащтэм, хъалифыр лъэпкъкIэ хьэрыпт, Каир дэст. Тыркухэр зэрымуслъымэным къыхэкIыу абы зрапхын хуейт, ауэ зауэ иращIылIэри хъалиф къулыкъур тырку султIаным иубыдат. Ислъам къэралыгъуэм, хъалифыр зи нэхъыщхьэм, щызекIуэр хьэрыпыбзэт, КъурIэнри шэрихьэт хабзэхэри зэрытхар арат. Ауэ муслъымэныр лъэпкъ щхьэхуэу щытыну хуимыту жызыIа тырку султIаным и унафэкIэ ислъам тхыдэм зэи къыщымыхъуа ящIащ: муслъымэн къэралыгъуэ абрагъуэм и бзэр тыркубзэмкIэ зэрахъуэкIат. АрщхьэкIэ апхуэдэ къэралышхуэр зэрамыхьэфу, хъалиф Iуэхури Япэрей дунейпсо зауэм и ужькIэ ягъэтIылъыжри, итIанэ зыми зэфIигъэувэжыфакъым.

Апхуэдизым я щхьэфэ диIэбэжын хуей щIэхъур тыркухэр дгъэпудыну аракъым, атIэ пцIым щIиуфа ди тхыдэм и кIапэлъапэхэр къыщIэдгъэщыжыным папщIэ, блэкIам и пэжыпIэр къэтлъыхъуэу аращ.

Мухьэмэд Iэмин адыгэ пщы-уэркъхэм ящыщ куэд зэригъэкIуэдар тыркухэми я фейдэт. Иджы абыхэм езы Мухьэмэд Iэмин лъэныкъуэ зэрырагъэзынур къахуэщIэртэкъым. Уэсмэн къэралыгъуэм и унафэщIхэр зэкIэ хуейт абы и пIэкIэ бжьыпэр езыхэм дзыхь зыхуащI гуэрхэм иратыну. Ауэ, апхуэдэу ящIмэ, IэщэкIэ къапэувыжынкIэ шынэхэт, икIи абы шейхъ Щамил къигъэгубжьу я Iуэхур Къэфкъас Ищхъэрэ псом щызэIыхьэнри хэлът.

Арати, тырку унафэщIхэм щытыкIэр езыхэм я IэкIэ зэIамыгъэхьэн папщIэ, щэхуу хэкIыпIэхэр къалъыхъуэу щIадзащ, наибым и тепщэныгъэр якъутэн папщIэ... Ауэ тырку унафэщIхэм а лъэхъэнэм адыгэхэм я Iуэхур зытетым и пэжыпIэ дыдэр къагурымыIуэу зэрыщытам къыхэкIыу, яхузэфIэкIаишхуэ щыIэкъым. **(Ардыдэр, нап. 166).**

Мухьэмэд Iэминрэ тыркухэмрэ

ХЬЭБЖОКЪУЭМ зэритхыжымкIэ, тыркухэр адыгэхэм я Iуэхур зытетым зэрыщымыгъуазэр Мухьэмэд Iэмин хэкум ирихуа пщыуэркъхэм къагъэсэбэпащ. Абыхэм тырку унафэщIхэм къыфIагъэщIырт, дэIэпыкъуныгъэ ягъуэтмэ, наибыр Адыгэ хэкум ирахужыфыну. **(Ардыдэр, нап. 170).** Мыбдежым щыжыIэн хуейуэ къыдолъытэ, Хьэбжокъуэ Шэукэт къызэрыфIэщIам хуэдэу, тыркухэр щызыгъэуар адыгэ пщы-уэркъхэрауэ зэрыщымытыр. Сыту жыпIэмэ, апхуэдэу зи цIэ къипIуэ хъун адыгэ пщыуэркъхэу Мухьэмэд Iэмин хэкум ирихуахэр зэкIуэлIар тыркухэратэкъым, атIэ урысхэрт. Абыхэм пасэу къагурыIуат лъэпкъыр кърегъэлын папщIэ зауэр гъэувыIэн зэрыхуейр. Апхуэдэ Iуэху еплъыкIэр тыркухэми мюридхэми ягу иримыхьу, аращ зытекIуэдахэри.

Истамбыл куэд лъандэрэ кIуауэ дэсар Занокъуэ Сэфар-бейт икIи а зыращ Хьэбжокъуэм зи цIэ къриIуари, а илъэсхэм я къэхъукъащIэхэм зи цIэр нэхъыбэрэ къыхэщыжри. Тыркухэм адыгэхэм я Iуэхур зытетар фIы дыдэу ящIэу щытащ жыпIэуи шэсыпIэ ухьэфыну[illegible]

Занокъуэ Сэфар-бей и щIалэгъуэм зэуакIуэ цIэрыIуэу щытащ. Псыхъ аузым сэшхуэр фIыуэ зыгъабзэу щызэуахэм ящыщ зыт. Гъэру урысхэм яIэщIэхуа нэужь, езыр хуейуэ абыхэм яхыхьэри, 1813, 1814, 1815 гъэхэм щIы зауэхэм хэтащ. Алъэхъэнэм Сэфар-бей Париж щыIащ. Урысхэм хуит къащIыжа нэужь, Анапэ и тету дэса тыркухэм яхыхьэжащ. Адрианополь зэгурыIуэныгъэм и ужькIэ, адыгэ лIыкIуэу Истамбыл ягъэкIуауэм яхэтащ, абы къэнэжри, урыс лIыкIуэм и унафэкIэ ямыгъэкIуэжу, Тырку къэралыгъуэм улахуэшхуэ къриту щыпсэуащ. **(Ардыдэр, нап. 166 - 167).**

Занокъуэ Сэфар-бей зэи къулыкъушхуэ иIакъым, адыгэхэм дежи пщыгъуэрэ тхьэмадагъэрэ къыщылъысауэ зыщIыпIи къыхэщыжыркъым. Ауэ Истамбыл щилъагъу адыгэхэм яжриIэрт пщIэшхуэ иIэу, и гъащIэр и лъэпкъым и щхьэхуитыныгъэм щIэбэну ирихьэкIауэ. Абы папщIэми, е нэгъуэщI щхьэусыгъуэ яIами, урыс лIыкIуэу Истамбыл дэсым и унафэкIэ тыркухэм яубыдауэ, и хэкум ямыгъэкIуэжу Истамбыл щаIыгът. Апхуэдэ цIыху техьэтекIым, щхьэхуещэм, пцIыхэр зыIэщIэкIым и Iуэхур зытет дыдэр, Уэсмэн империем и унафэщI нэхъыщхьэхэм къагурымыIуэу, ар Тырку къэралыгъуэм и цIэкIэ Адыгэ лъахэм и уэлийуэ, унафэ нэхъыщхьэр IэщIэлъу, тыркубзэ зэрищIэм папщIэ ягъэувакъым. Тыркухэм ар зыхуэдэр къагурыIуэу зыхуейр апхуэдэлIти, аращ къыщIыхахар. Абы щIыгъуу, и къуэдзэу нэгъуэщIитIи къыхахат, Сэфар-бей и дамэм щIэту къулыкъу ящIэну. Зыр Хьэж-Исмэхьил и цIэу тырку сондэджэр лIыжь бей гуэрт, Шапсыгъым куэдрэ щыпсэуауэ. Ар шапсыгъхэм я тхьэмадэу ягъэуват. Абазэхэхэм я тхьэмадэу Мухьэмэд Iэмин къыхахат, абыкIэ ягъэудэIуу къапэмыувыжын папщIэ. Убыххэм я унафэщIу къыхухахар Бэхьзад-пашэ и цIэу илъэс 25-рэ фIэкIа зи мыныбжь щIалэ факъырэ гуэрт. Уеблэмэ убыххэм ягъэщIагъуэрт апхуэдэ щIалэ унафэщIу къыхуагъэкIуэным тыркухэр зэрытегушхуэфар. Абхъазым унафэщI хуащIар Александр и цIэу абазэпщт. А псоми пашэ цIэр зырызу къафIащри, апхуэдэ къулыкъу къазэрылъысамкIэ, тырку султIаным унафэ къыдигъэкIыжа нэужь, Адыгэ Хэкур Тырку къэралыгъуэм щыщу зы Iыхьэу къилъытащ. **(Ардыдэр, нап. 168).**

Къэхъуам и пэжыпIэр нэгъуэщI псалъэкIэ жыпIэжынумэ, мюридхэмрэ Мухьэмэд Iэминрэ адыгэхэм муслъымэн диныр ирагъадэу, я деж бжьыпэр зэрыщаубыдам къыщхьэщыкIыу, тыркухэм унафэр бзаджагъэрэ гъэпцIагъэкIэ зыIэщIалъхьат. Абы псом хуэмыдэу иригубжьар езы наибрат. Сыт хуэдэу щытми, адыгэхэри тыркухэм кърацIам хуабжьэу къигъэгубжьат. Хьэбжокъуэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, Занокъуэм хуэдэ унафэщI уи бийм фIэкIа зыми къыпхуимыгъэфэщэну ялъытэрти, арат яхуэмыгъэныщкIур. Ауэ тхьэмыщкIэгъуэшхуэр аратэкъым къызыхэкIыр: Мухьэмэд Iэмин муслъымэн динир тегъэщIапIэ ищIурэ, адыгэпщ муслъымэнхэр иукIри, бжьыпэр иубыдат, а дин дыдэр къигъэсэбэпри, тырку султIаным адыгэхэм я унафэр IэщIитхъыжат. Апхуэдиз лъыгъажэ зауэхэм хэтхэм, апхуэдэу муслъымэн диным и цIэкIэ зэхэзехуэн ящIахэм къагурыIуэртэкъым езыхэм къалъыхъуэ муслъымэн дин къабзагъэр, захуагъэр щагъуэтынур - мюрид фанатикхэм я дежми тырку султIаным и дежми.

Адыгэ щIэныгъэлI, Каир дэт Азхьар ислъам университетыр къэзухауэ щыта Жамбэч Исмэхьил а лъэхъэнэм теухуауэ итхыжахэм къыщегъэлъагъуэ: «Тыркухэм Кърымыр 1783 гъэм яфIэкIуэда нэужь, я дэфтэрыжьхэм куэдрэ хэлъыхъухьащ, Адыгэ лъахэр зэгуэр я щIыналъэхэм щыщауэ къэзыгъэлъагъуэ тегъэщIапIэхэр къагъуэтын я гугъэу. Ауэ зыри щамыгъуэтым, адыгэхэм муслъымэн диныр кърагъэщтэну мурад ящIащ. ИкIэм-икIэжым адыгэхэм муслъымэн диныр къащтэу, Уэсмэн империем пыщIа хъуа нэужь, абы адыгэхэм я лъахэр яфIигъэкIуэдащ, я хэкум пэIэщIэ ищIхэри, дуней псом текъухьауэ къигъэнащ». **(Амман Адыгэ ФIыщIэ Хасэм къыдигъэкIыу щыта «Ал-Уахъэ» («Оазис») журнал, №15, гъатхэпэ, 1976 гъэ, нап. 7-9-хэм.).**

Мюридизмэмрэ адыгэхэмрэ я зэхущытыкIэм теухуауэ, Хьэбжокъуэ Шэукэт нахуэу етхыж: «Щамил и чэнджэщкIэ Мухьэмэд Iэмин мюридизмыр адыгэ лъахэм щызэтригъэувэщ. Гъусэ къыхуэхъуахэм нэхъ жыджэру яхэтхэр къыхишыртэ, нэхъ ерыщу дин хабзэхэр яхипщыну хэтт. Ауэ абы къыхэкIыу адыгэхэм зэхъуэнытэ, сыту жыпIэмэ диным и лъэныкъуэкIэ адыгэхэр абы хуэхьэзыртэкъым. Апхуэдэ дин зэхьэкIэм адыгэхэр наибым пэжыжьэ ищIри, мюридизмыи зыщадзэи хъуат. Арати, наибым нэхъ щабэ зищIыжауэ, адыгэхэм я щхьэхуитыныгъэм, я пагагъэм, я щхьэм зыщыпэупкIыныгъэм зыдригъэкIу хъуат. Ауэ абы и цIэкIэ унафэ зыщу щытахэм, Мухьэмэд Iэмин и мурадыр къагурымыIуэу Тырку къудрэ щызэхагъэзэрыхь къэкъуэрт». Арат адыгэхэм я Iуэхур зытетар Къэрым зауэр щыщIидзам.

(КъыкIэлъыкIуэнущ).

Адыгэ лIыкIуэхэу Инджылызым щыIахэр - Хьэжы Хьэсэнрэ Ростаныкъуэ Исмэхьилрэ. *Сурэтыр зыщIар наIуэкъым. 1861 гъэ*

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● Тхакіуэм Іуэху къеІэт

Адыгэбзэр къедывгъэгъэл!

Хьэх Сэфарбий Аушыджэр къуажэм щыщщ. Москва Горький Максим и цІэкІэ щыІэ Литературэ институтыр къыщиухащ. УФ-м и Тхакіуэхэмэ Журналистхэмэ я союзхэм хэтщ. Илъэс куэдкІэ «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондентку, щэнхабзэмкІэ къудамэм и тхьамадзэу Іэмкъащ. Иджыпсту Къэбэрдей-Балъкъэрым и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм и Іу зкуІыпІэм щолажьэ, тхэн щІэзыдзагъащІэхэм я «Щыхуэпабгъуэ» литературэ премиям и унафэщІ. КЪБР-м щэнхабзэмкІэ щыІэх зиІэ и лэжьакІуэщ.



Си лъпкъэгъуэхэм, адыгэу зызылыгъэ дэтхэнэмэ щхьэхуэзу зыфхуэгъаІэ, гуэввэгъуэ щІыІэр си псэм тельу: фыкъэувыІи фегупсыс къэхъуэм, игъашІэм кьитщыщІа псор тщызыгъэгъупщэн насыпынщагъэ Іейр кьыткІэщІэзэрыхьащ - хамэбзэм дыззщІищтауэ, ди бзэр зэкІуэд, ди лъэпкъри ди абы дэкІуэу! Адыгэ инагъуэм адыгэбзэ тэмэм ильыжкыым е ядрыжьхэкъыым, тэмэми мытэмэми. Иджыри къэс бзэр ди къуажэхэм хьума нэхъ щыхъуу щытащ. Иджы ари щыІэжкым, зэщхь хьужащ къуажи кьалп - адыгэм адыгэбзэкІэ угурыІуэжыркым.

ЕДЖАПІЭХЭМ адыгэбзэр щрагъэджкьиным, щрагъэщІэным ущыгугьынри щхьэгъэзепІэжщ. Ди щІэблэм пэщІэдзэ, курыт еджапІэхэр бзэм и къ улеипІэм щымыгъ уаэз у, тхэкІэ, еджакІэ тэмэму ямыщІэу къаух. Къаух, ахэр езыгъаджэхэм езыхэм ящІэрыкьми. Ди университетым кьыщІегъэкІ ахэр апхуэдэзу - тэмэму я бзэмкІэ мыпсэльэфу, мытхэфу, адыгэ тхакІу экэм, уэсакІуэхэм я тхыгъэхэм щымыгъаззу. Адэ-анэхэр хьоув, ди бзаныи адыгэбзэр едгъэджынукъым, дыхуейкъым, жаІэри. НтІэ, абы и ужькІэ ди бзэр ди еджапІэхэм зэгуэр дахэ-дахэу щаджыну ущыгугъэ хьунэ?

Е къуажэдэсу, е къаІэдэс у, е еджаІэ, е емыджауэ - мыпхуэ эдэ ди цІыхъ у лІэжьыгъэм нэхъ лейр и бзэр ещІэж, жьпІэу ежьыпхуэхъыныкъым. Бззэрым тесри, къулыкъущІапІэм щІэсри, журналистри, еджагъэшхуэри - псори зы вым и бжьыщ, зэхуэдэу я бзэр матхъуэ: мыщыущ, жаІэну зыхуейр тэмэму къахуэІуатэркъым, уэрэщІ жаІэу кьрагъажьэхэм хэт псальэхэм уи пІэм укъраш, адыгэмэ ящыужьыркъым. Ди щІэнгъэлпІэр хамэ псальэхэр кьыхэльэлъу мэпсальэ, лъэпкъ тхьідэр хамэбзэкІэ ятхыщк. Уеблэмэ адыгэбзэм зэрызебгъужькьымум теухуа тхыгъэхэрэ хамэбзэщ зэратхыр, щапхъэу кьыхъ адыгэ псалъэ зырызэхэм щыуагъэр хэзу хэту! ЯщІэжькрыкьым я бзэр. ЗыщІэри хуейкъым ирилъэкъэнУ! Сэ зи гупчу сщІыр адыгэбзэм хэхуэу хуеджа, ди бзэм, ди хабзэм, ди тхьідэм телажьэхэращ. НэгъуэщІ Іэнатіэхэм пэрыт адрей ди щІэныгъэрыпсэухэм я гугъу умыщІыхьхэ. Абыхэм яжеПІэр къагурыІуэмэ, угуфІэн хуейщ. Уеджамэ, аращ, жьыхуІПэм хуэдэщ.

Хъурыкьым ахэр. Іуэхуракъэ, кІуэху нэхъ Іейщ. Иджыпсту ди радио, телевизорхэр, мыгъуэ-махуэмэ, адыгэбзэкІэ мэпсалъэ, газетхэр, журналхэр, тхъІыхэр кьыдокІ. АдэкІэ-щэ?! Къэрал гъунапкъэм ди цІыхъур тиншу щхьэдэхкьыщхьэдэхьк, дыззыльэс, дыззрыщІэхъуэу, дунейпсо зыужьыныгъэр нэхъри уэру кьыззэрыщІэуэрэ кІуэ зэмэн кьудыщи мыхъум ди псэукІэм икъукІэ зригъэхъуэжащ. Ауэ зы напІэ дэхьеигъуэм дымыщІэхъэу дыкьызытехута электрон-пластикэ дунейм кьытхуимыхьыр укІуэдыж: мы щІы хъурейм хьыбгру щыІэр ди деж щызэокІуэ, щІэныгъэ, техникэ пэрытым ди Іэри ди щхьэрп хэльщ, бэлыхьыр ттелъу зетхьэу щыта лэжьыгъэм я нэхъ хьэлъэр гугъуехь лъэпкъ хэмыльу зэфІыдогъэкІ, зыщІыпІэ и деж ауэ зы Іэпапіэ цІыкІу щытыдокъуззри...

Дахэ, узэщыгуфІыкІын ахэр псорИ? Дауи, дахэщ, фІыщ, узэщыгуфІыкІын защІэщ. ДыщыгуфІыкІыуи дышысынт абыхэм кьадэкІуэ кьулейсызыгъэ кьомыр мыхьу амэ: зы лІыр дждыгуфІыгъэрэ лІибгъуэ джэдыгуншэу дыкьызэхэнащ, жьыпым, ныбэм иплъхьэ мыхъум цІыхъур нэкІэ пхуеплъыкьыркъым, псэм и экологиер Іисраф хэущ... Куэд мэхъу ахэр!

А кІуэд хъум» кьытхуздахьа мыгъуаГъэр зыхуэдэмрэ зыхуэдизымрэ махуэ кьэс ди нэгу щокІ. А кьомым я гущІыІу кьыпфІохьу дызытекІуэдэжк лажьэшхуэр - ди бзэр абы нэхьри зэрытІэщІинкъыпэр, Дыызбэху нобэ дызэмыІусэу мыхъУ Іэмэпсымэхэр пхуэгъэІурыщІэнукъым, хамэбзэ умыщІэмэ. Іэмэпсымэхэм зумыгъэщІэнуи. Ауэ цІыхъум абы зыщратым, арышмани кьафІэмыІуэху адыгэбзэр нэхъ Іэщыбыж ящІащ, тІэщІокІыпэ.

Сыт абы пэбгъэрэ хъуну диІэр? Зыри. Адыгэбзэр нэхъ кьабзэу, абы и Іэфіыр, и кьуэятыр нэхъ щыхъумуэу щыІэжыр нэгъэущІыбзэм мыІэбзу кьэна ди тхакІуэ нэхъыжь зыбжанэращ. Нобэ цІыхъур тхьылъ еджэжыркъым, нэм занщІэу кьыІуидзэ куэдыкІейм дахьэх. Адыгэбзэри зыкьом щІауэ республикэм кьэралыбзэ щащІауэ жаІэ. Дэнэ, ар пэжмэ, щащІар? Адыгэбзэ іэпэкъ щызэкІуэркъым иджырей ди къэрал кьулыкъущІапІэхэмі Іуэхуцдапіэхэмі. Кьыщагъэсэбэпыркъым нэгъэущІ лэжьапІэ Іэнатіэхэмі. Дунейм кьытрагъэхьэркъым! Зыщыпіэ зыгуэр щрагъэкІэкІмэ, щекІуэкІыр адыгэ жьылэжьу, зытеухуар адыгэ Іуэхуу щытми, хамэбзэрщ сыт щыгъуи утыкум щытепщэр, нэгъуэщІхэм я гугъу умыщІ. Адыгэбзэм фІэкІа зыхуэмыгъэзэрыуэр мо зыгъаІэкІэ зэхъуэпсэу кьуэгъэнапІэм кьыкьыуплъу кьуэтщ, зегъэшри. КьыхуейІакьым, зыми щыщкъым. И унэ щыхъэ эсщ!Efплъыт, фегупсысыт дышынэсам, урикьункъэ ар узу?!

Аращ кьытхуихьар адыгэбзэр лей, упсэун щхьэкІэ зыкІи мысэбэпыщ зэрытфІащам. Абы Іэмал имыІэу зыгуэр етІупщІ ухуейш. Ауэ - дауэ? Мис аращ Іуэжур, МащІэ ящІэ у жьпІэ хъункъым ди бзэм кьезыгъэзэзэжьну хущІэкъуэхэм. Абы и дахагъэм, и кьулеягъэм, ар умыщІэу зэрымыхьунум теухуауэ тхыгъэ купщІафІэхэр газетхэм, журналхэм мыуВыІэу кьытрадзэ, радиокІэ, телевизоркІэ кьат, «Си бзэ - си псэ, си дунеи» зэпеуэр илъэс 11 хьуауэ еджапІэхэм щрагъэкІуэкІ, усэхэр, уэрэдхэр яус, сабийхэр ягъэхьэзырри утыкуэм адыгэбзэкІэ кьыщагъэпсальэ. А псомкІи кьахьыщхуэ зэрыщымыщэр щалъагъуКІ, я фІэщу иужь йохьэ цІыхур ягъэукІытэну: емыкІуу уи бзэр умыщІэжыну, сыту умыукІытэрэ, уадыгэкъэ уэ, жраІэ. АрщхьэкІэ икІи яхуэгъэукІытэркъым. Араши, зыри кьыкІакъым нобэр кьыздэсым лэжьыгъэу ирагъэкІуэкІам. Дяпэкіи кьикІынкъым - ди бзэр псэныгъэмкІэ сэбэн кьытх уэхунукъым, жаІэ, сыткІэ дыхуей?

А щытыкІэм лъэпкъым и гъащІэм адыгэбзэм ущыхуейуэ умыщІу мыхьну урехулІэ. Абы теухуауэ з сэ сфІэтэмэщ мыр: хабзэ тКІий тъэувын хуейщ зи бзэр зымыщІэж адыгэм республикэм кьулыкъу щрамытыну, депутатуи щыхамыхьну. НэгъуэщІ Іэмал щыІэу пльагъуркъым. Кьулыкъым щагъэувкІэ, зыщІпІэ щыхахкІэ, экамен ирырат, ирыратх диктант - ящыныкъуэ кьэралхэм зэращІым хуэдэу.

Апхуэдэ экзаменхэм дапщэ кьелыну пІэрэ иджырей ди кьулыкъущІэхэм ящыщу? Ауэ, кьулыкъущІэхэм зыкъыІэнэнущ жьІтІэуи дывмыгъэну завэ. Кьулыкъум и Іуэхур гугъущ, абы умыгъэщІэн щыІэкъым. Фи фІэщ зэрыхьун, зи анэдэлъхьэм елэжьу, ирилажьэу зи гъащІэ псор зыхьаХэм кьыптпэуврэ жьыи жиІэу кьыдэдэуу, дяпэ мазэ бжьыгъэкІэ зрагъэщІэнукІэ! Адэ-анэхэми я щІэблэр тхьэкІумэкІэ ящэфурэ адыгэбзэм ирагъэджэнущ - хэт зи бзэ зыми щымыщу къэнэну хуейр? Ди бзэр ди унэхэм кьыщІэІуКІыбжьыщ, ди еджапІэхэм игъэззэжьыщ, ихьэжьыщ утыкуэхэмі... Дунейм кьытехьэжьыщ!

Насыпкъэ-тІэ ахэр дэркІэ? Іуэху пщІыр Іэхъу мэхъу. А насыпыр дэ кІэщІкІэ кьыдэхъуІэнэщ, дыукъуэдийм. Дывгъэукъуэдий, пІалъэ лъэпкъ кьыхэдмыгъэкІыу Пензенскай Къаноквы Арсен и пащхьэ идывгъалъхьэ. Пэжщ, апхуэдэ хабзэ ди кьэралым щыІэкъым. Ауэ ди бзэр дджыжьну, зэдгъэщІэжьну хуит дызымыщІ хабзи щыІэкъым.

Іуэху ехьэжьахэм зи щхьэр хэль кьулыкъущІэшхуэхэ, лІым я нэхь благъэ зэкІуэцІызыуплІанщІэу дунейпсо утыкум щызыгъэтІылъыж ди щІалэ пепуанхэ, иджырей ди мелардырыбжэхэ, лажьэу шхэж цІыху кьызэрыгуэкІхэ, сынывольэІу табуцхьэщэщкІэ, пСым ихьым хуэдэу сыгуэрыгуэ сыныфходжэ: ди щхьэ ильи ди Іы зэхьэльхьэ кьэдывгъэгьани, сэ сыадыгэщ жызыІэр дызэхэвгъэхьэ, дызэгъэвгъэхьэ, дывгъащІэ тхуэзэфІэкІри, ди бзэр кьыдэдывгъэхьэк, Іурыдвгъэлъхьэж адыгэм адыгэбзэр, лъэпкъкІуэдыр кьытхуэмыкІуэ щыкІэ!

ХЬЭХ Сэфарбий,
тхакІуэ.

Редакцэм кьыбгъэдэкІыу: ТхакІуэм кьиІэт Іуэхур Іуэхушхуэщ. ИкІэщІыпІэкІэ зыгуэр дымыщІэмэ, ди бзэр тфІокІуэдыпІэ. Бзэр кІуэдмэ, лъэпкъри щыІэжкъым.

Фэ дауэ фепІпрэ: Хьэх Сэфарбий кьыхилъхьэ щІыкІэмкІэ кьыптхуєгъэлъэныкъэфІыытэрэ ди бзэр, адыгэ лъэпкъыр? Хьэмэрэ фэ нэхъ Іэмалыфі фщІэуэ пІэрэ?

Фи тхыгъэхэм дапоплъэ.

Хабзэ дахэ хъуауэ, гъэкъэ гъатхэпІэм и 18-м Музейхэм я дунейпсо махуэр дэнэ щыкІи щагъэлъапІэ. Абы ирихьэлІэу щэнхабзэмрэ гъуэгуанэмрэ фІыуэ зыльагъуэхэм музейкІэхэр пщІэнишу хуэзІуах, щІэлъхьэшышхэм ирагъэпль, абыхэм я хьыбархэр хуащІуатэ. Музейр льэпкъэ зэмылІужьыныгъэхэм я щэнхабзэм щыгъуазэ узыщІщ, гъуэгуанэр зыгъэбейщ, абы зезыгъэужьщ, льэпкъхэм яку дэлъ мамырыгъэр, зэгурыІуэныгъэр, зэрызэдэлажьэр зэрырагъэфІакІуэщ. Музейхэм я махуэм ирихьэлІэу гъэльэгъуэныгъэхэр, фестивалхэр ирагъэкІуэкІ, лекцэхэм кьраГъэдаж, тейтерыр мэлажьэ, экскурсиехэр кьызэрагъэпэщ.

МУЗЕЙХЭМ я Дунейпсо советым и конференц Москвэрэ Ленинградрэ 1977 гъэм щыщкІуэкІам, Музейхэм я дунейпсо махуэр ягъэуващ икІи абы льандэрэ ильэс кьэс дэнэ щІыналъи щагъэльапІэ. А махуэр зэраІэтынум гъэ кьэс зы Іуэху хухахэр абы тету ар кьыззрагъэпэщ. Кьыхэгъэщыпхъэщ а жэрдмэр Пушкин Александр и цІэр зезыхьэ Сурэтыщ! Гъуэзджэмкіэ музейм и унафэщІ Антоновэм кьыхилъхьауэ зэрыщытар. Ауэ а Іуэхугъуэм цІыхуГэр зэрыхуэныкъуэр кьащцыгуры Іуэр ижьыс бжьгьи дэкІыжа иужькІэщІ. Иджы Музейр и дунейпсо махуэр зэрагъэлъапІэм цІыхуэр есащи, ар кьыщыблагъэкІэ инми цІыкІуми нэгузыужь зэщыхьынум, зэрызагъэпсэхунум зыхуагъэхьэщыр. Майм и 18-гъэжьагъуэ махуэу щытехуэм и дежи, музейхэм цІыхуэ куэд зэрекІуалІэр и щыхэтщ ар Іуэху дахэу, цІыхэпэу зэрыщытым.

Илъэс зыбжанэ хъуауэ Урысейм щагъэлъапІэ музейм и жэщІи.

Лэскэн районыр администрацэм щэнхабзэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Зыхъэ Маритэ и жэрдмэкІэ, Анзорей кьуажэм 2005 гъэм кьыщызэрагъэпэщца музейм и лэжьыгъэр зыхуэдэр ззгъэщІащ. Абы и хэщІапІэр куейм Щэнхабзэмкіэ и унэм щыхухаха пэшитІырщ, и унафэщІыр **Хьэмгъуокъу Фаризэтщ.**

ЗэрытщІэщи, музейр ди лъэпкъ тхьідэм и гъуджэщ. Абы щызэхуэхьэсащ Лэскэн районым и кьуажэхэм кьащалъхуа цІыху цІэрыІуэхэм, лІыхъужьхэм, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм, нэгъуэщІ куэдми ятеухуа тхыгъэхэмрэ сурэтхэмрэ.

Музейм и пэшым и плІанэпэ нэхъ ин дыдэр хухахащ Хэку зауэшхуэм лІыгъэ щызезыхьа, зи лэжьыгъэкІэ кьыхэжаныкІа хьэтуейдзсхэм. Ар я фІыщІэщ а жьлэм кьыздэкІа Сурэтыщ! Іэзэ Тэрчокъуэ Заурбий.

Бзыльфы фІэль тхыгъэхэр ятеухуащ ди республикэми щІэзэуа ХьэщІэлІ Мухьэмэд. Апхуэдэу гулытэ щагъэуащ тылым щылэжьахэм, зауэ нэужь зэманым къуажэхэр, колхозхэм совхозхэмрэ зэфІэзыгъэувэжахэм.

Музейм екІуалІэхэр нэхъ дэзыхьэх икІи яфІэгъэщІэгъэнхэм ящыщщ нэхъапэм адыгэхэм зэрахьа, унагъуэкІэ кьагъэсэпха къэщыщІэмэ, Іуащхьэмахуэ, «Нур» журналхэм я редакцэхэм, программэхэр къэзыт «Къэбэрдей-Балъкъэр» телерадиокомпанием къэралІуэхущІапІэм, «Налшык» жылагъуэ телерадиокомпанием, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм гущІыхьэ ящыхьхъуауэ хъыбар фаІэшІэ Совет Союзым и ЛІыхъужь, авиацэм и генерал-майор, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ **Къардэн Къубатий Лэкъумэн и къуэр** зэрыпІамкІэ икІи абы и Іыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогъэзащ.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жьуэн зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщкІ Соня, редактору ТекІужь Заретэ, корректорэу Афэ Тамарэ *(2, 3-нэ нап.)*, **ПхытІыкІ Юрэ** *(1, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэлъыжьхэуэ* БатІитІэ Марьят. *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* Дол Мариндж, ГъукІэлІ Рае, Щомахуэ Марианнэ, *суратхэм елэжьар* Бицу Жаниэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ щытредзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 9.233● Заказ №1310

● Накъыгъэм и 18-р Музейхэм я дунейпсо махуэщ

ЩІэблэхэм зэІэпах фІыгъуэ мыкІуэщІ



ЩІэзэуа ХьэщІэлІ Мухьэмэд. Апхуэдэу гулытэ щагъэуащ тылым щылэжьахэм, зауэ нэужь зэманым къуажэхэр, колхозхэм совхозхэмрэ зэфІэзыгъэувэжахэм.

Музейм екІуалІэхэр нэхъ дэзыхьэх икІи яфІэгъэщІэгъэнхэм ящыщщ нэхъапэм адыгэхэм зэрахьа, унагъуэкІэ кьагъэсэпха къэщыщІэмэ, Іуащхьэмахуэ, «Нур» журналхэм я редакцэхэм, программэхэр къэзыт «Къэбэрдей-Балъкъэр» телерадиокомпанием къэралІуэхущІапІэм, «Налшык» жылагъуэ телерадиокомпанием, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм гущІыхьэ ящыхьхъуауэ хъыбар фаІэшІэ Совет Союзым и ЛІыхъужь, авиацэм и генерал-майор, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ **Къардэн Къубатий Лэкъумэн и къуэр** зэрыпІамкІэ икІи абы и Іыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогъэзащ.

● Нобэ

Пхъэм и пшыналъэ

Къэсейхьэблэ (Баксанёнок) къуажэм дэт Щэнхабзэмкіэ унэм и драмэ кружокым лэжьыгъэ гъэщІэгъуэн игъэуващ тхакІуэ, усакІуэ Дыкъуажь Нелли и «Пхъэм и пшыналъэ» ІэдакъэщІэкІым кьытращІыкІауэ (сценарийр зейр езы Дыкъуажь Нелли).

КЪЭСЕЙХЬЭБЛЭ къуажэм и 1-нэ школым пэщІдзэ классхэр щезыгъаджэ Абрэдж Оксанэ и гъэсэн щІыкІуэращ абы хэтыр. Щэнхабзэмкіэ унэм и лэжьакІуэ Зэгъэщтокъуэ Людэ щыгъуазэ дызэрищІамкІэ, Оксанэ Іуэху куэдымкІэ нэгъуэщІ щІыпІэхэми щыщІэрыІуэ Налохэ Жансэхъу, Ахьмэдхьан, Заур, Къэжьмыкьл, Залым сымэ я гъащІэм, гуащІэм.

ХьэщІэлІ льэпкъым хуэхха тхыгъэзыбжани музейм кьыщыбгъэгъунущ. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ, абы хуэфащэ увыпІэ щызыгъуэта, Хэку зауэшхуэм и зэманым партым и щІыпІэ комитетымрэ район унафэщІымрэ я жьІэкІэ куейм и щІыхьэр кьызэщІэзыІэтэхэм жьыхэру ахэтэ, гуп щхьэхуэм и комиссару щыту ди Хэкум и щхьэхуитныныгъэмрэ мамырыгъэмрэ зи псэ емыблэжу я дэІэпыкъуэгъэщ, егъэджакІуэ гумызагъащ. Абы и гъэсэнхэр етхуанэ класс хъуа нэужьи и нэІэм щІИгъэтщ, щэнхабзэ Іуэху дахэхэм зэпымыууэ хешэ.

Щэнхабзэмкіэ унэм нобэ щагъэльэгъуэнущ «Пхъэм и пшыналъэ». Абы кьрагъэблэгъащ КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, Бахъсэн район администрацэм щэнхабзэмкІэ и къудамэм я лІыкІуэхэр, езы Лыкъуажь Нелли.

БЛИИ Даянэ.

● Гъуазджэ

Адыгэ хэхэсхэр

Режиссер цІэрыІуэ Нэгъаппэ Аскэрбий триха «Черкесия. Чужбина» документальнэ фильмыщІэр, адыгэм и тхьідэм щыщ напэкІуэцІ гууэхэм - льэпкъым и нэхъыбапІэр Уэсмэн къэралыгъэм зэрыщамышмрэ абыхэм я щІэбІэм хамэ къэралхэр псэупІэ зэрахъуэхъуамрэ зи гугъу щыщІар - Налшык япэу щагъэльэгъуэнущ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэр илъэс 20 зэрырикъуэ теухуауэ кьыззрагъэпэщыну зэІущІэхэм ящыщ зыуэ ар накьыгъэм и 19-м Налшык Киноконцерт гъэльэгъуэныгъэм щекІуэкІынущ, сыхьэт 18-м щІидзэу.

Лэжьыгъэ гъэщІэгъэныр зэрэыгъэльэгъуну, льэпкъым и блэкІам хэгъуэззэну хуейхэр абы фрагъэблагъэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм, КъБР-м и «Адыгэ Хасэ» ОО-м, КъБР-м и Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэзыгъэуІу советым, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Іуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэм я редакцэхэм, программэхэр къэзыт «Къэбэрдей-Балъкъэр» телерадиокомпанием къэралІуэхущІапІэм, «Налшык» жылагъуэ телерадиокомпанием, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм гущІыхьэ ящыхьхъуауэ хъыбар фаІэшІэ Совет Союзым и ЛІыхъужь, авиацэм и генерал-майор, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ **Къардэн Къубатий Лэкъумэн и къуэр** зэрыпІамкІэ икІи абы и Іыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогъэзащ.

● Ди сурэт гъэ тІылъыгъэхэр

Акьсырэ Залымхан и «Дахэнагъу» пьесэм кьытращІыкІа спектаклым Ерэун Чэзимэр *(Чэзибан)* **Дышэкі КІунэр** *(Дисэ)* **щоджэну.** *1952 гъэ*

КъэкІуэнур зи плъапІэхэр

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм и школхэм мы махуэхэм щыщІедзэ «Си Кавказыр илъэси 10 дэкІмэ» зыфІащэ зэпеуэм. Ди щІыналъэм кьыхэщІиубыдэ щІыпІи 7-м я школакІуэ нэхъыжьхэм нэмыщІ, абы хэтынущ Краснодар краим, Адыгэ Республикэм я къурыт еджапІэхэм я гъэсэнхэри.

Егъэджэныгъэмкіэ щІыналъэ Іэнатіэхэм къадэкІуэу зэхъэзэхуэр, къыззгъэпэщыным и зэфІэкІ хилъхьащ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэм.

● Зэпеуэ

9 - 11-нэ классхэм щеджэ ныбжьыщІэхэу зэпеуэм хэтыныхэм Іэмал яІэнущ я щІыналъэм къэкІуэну зэманым зэрыхуэхьуапсэ Іуэхугъуэхэр я тхыгъэхэм кьыщагъэзагъэуну. Апхуэдэу ахэр егупсысынущ а фІыгъуэхэр Хэкум къьхьулІэн папщІэ, езыхэм абы хуащІыфІыну хэлъхьэныгъэхэр зыхуэдэм. Зэпеуэр кьызэгъэзэпэщащ зэрыжаІэмкІэ, псом нэхъри нэхъыщхьэр иджырей щІэблэм я гупсысэкІэмрэ гурыІэмрэ, щапхъэуа щІыпІэм хуаІэ щытыкІэхэр наІуэ кьащІыныращ.

Іыхьитіу зэщхьщхьауэ екІуэкІынущ зэпеуэр. Нэкъыгъэм и 25 пщІондэ школакІуэхэм ятхынущ я хэкупсэ гурыІэ-гурыщІэхэр кьыщыгъэльэгъуа эссехэр. Абыхэм кьяджанурэ кьэпщытакІуэхэм накъыгъэм и 30-м ирихьэлІэу ягъэбелджылынущ тхыгъэ нэхъыфІу 10 икІи ахэр урысейпсо къэпщытакІэ гупым хуагъэхьынущ. Зэпеуэр зэрекІуэкІым теухуа хъыбар, тхыгъэ псори Интернетым илъынущ. Абы щытекІуэхэр кьыщыхахкІэ, лэжьыгъэхэр ягу зэрырихьар жаІэу Интернетымкіэ кьыпэджжахэм я бжьыгъэри кьалъытэнущ.

Зэхьэзэхуэм кьрикІуахэм щыгъуазэ зыщхьэфІыщІафІынущ ар кьызэзыгъэпэщахэмрэ мылъкукІэ дзэзыІгъэхэмрэ я интернет-сайтхэм. Апхуэдэ хъыбархэр абыхэм кьралъхьэнущ мы гъэм и мэкъуауэгъуэм и 10-м ирихьэлІэу. Пашэ щыхуахэр мэкъуауэгъуэм и 15-м Москва щагъэльэпІэнущ. ИужькІэ, мэкъуауэгъуэм и 18-м, ахэр хэтынущ Санкт-Петербург щекІуэкІыну «Кавказ Ищхъэрэ» къэкІуэнур зи плъапІэ» XV дунейпсо экономикэ зэхуэсым. Ар теухуауэ щытынущ ди щІыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм, ди къэкІуэнур зэпха геополитикэ, щэнхабзэ Іуэхугъуэшхуэхэм. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, зэхуэсым хэтынущ УФ-м и Президентым Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щІэІэ полномочнэ лІыкІуэ, УФ-м и Правительствэм и УнафэщІым и къудамэ Хлопонин Александр, Маринкэ театрым и художественнэ унафэщІ Гергиев Валерий, УФ-м къэрал щІыбІ Іуэхуэхэмкіэ и министру щыта Иванов Игорь, дуней псом щІыщІэрыІуэ хьэрыэтышІэхэр, экспертхэр.

Зэхьэзэхуэм ехьэлІа упщІэхэмкІэ зыхуэзгъаззэ хъунущ абы и кьызэгъэпэщакІуэхэм ящыщ, «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» - ОАО-м жылагъуэм ядэлэжьэнымкіэ и департаментым и унафэщІ Морозов Павел - +7 (916) 677 70 01 телефонымкіэ email: morozov@ncrc.ru электрон пощтымкіэ. Зэпеуэм хэтынхэм я анкетэхэмрэ абыхэм я лэжьыгъэхэмрэ евгъэхь хъунущ pmef@ncrc.ru электрон пощтымкіэ.

КІУЖ Инна.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаэ Заурбэч (редакторэ нэхъыщхьэм и къудзэз), **ЖьэкІэмыхьу Маринэ** (редакторэ нэхъыщхьэм и къудзэз), **Ширдий Маринэ** (редакторэ нэхъыщхьэм и къудзэз), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Иэтэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжькъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редакторэ нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторэ нэхъыщхьэм и къудзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ льэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкіэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкіэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; суратхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъыкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр эзтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынкІэ и пщІ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щрыкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм льагъэхьагъэм и 16-м №П-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-р бжьдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытредзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.